

Gade Nan Direksyon Jezi

63-1229E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Étaizini

1 Amèn. Mèsi, George, Becky, ak Sè Ungren, pou bèl chante sa a! Se vre, "Tout bagay chanje lè Jezi vini." Li jis fè tenèb yo disparèt, Li gaye Limyè a, e nou rekonesan pou sa. Bon, se te premye fwa Becky te jwe nan legliz isit la, se yon chante trè apwopriye, *Lè Jezi vini*.

2 Kidonk, nou rekonesan dèske nou isit la ankò, aswè a, e nou rekonesan anpil pou...bon prezans ou maten an. Epi kounyeya aswè a, se, mwen gen yon ti sijè mwen vle pale sou li, nan kèk moman; men jis anvan sa, mwen te gen kèk anons pou fè, ak bagay sa yo.

3 E mwen jis on ti jan anwe. Mwen panse ke se jis paske m pale twòp. Mwen te preche anpil tan. Men lè m pran bann inèdtan oswa dezèdtan sa yo, epi lè m tounen isit la, se paske m ap anrejistre bann sa yo pou toupatou nan lemond. E kidonk mwen remèsye w dèske w pran pasyans ak nou maten an.

4 Epi kounyeya gen kèk bagay mwen ta renmen mansyone isit la menm. Sa vle di, ke, mwen—mwen ta renmen mande legliz la, premye bagay la, yon bagay ke mwen fè—fè, e mwen—mwen vle mande si mwen ka chanje sa, aswè a. Nou pa t...

5 Mwen pa fè ve pou nouvèl ane a. Alò mwen...nou dwe ale lakay nou demen, kifè nou p ap la pou nouvèl ane a, pou...men nou va sonje ou. E mwen kwè pral gen yon reyinyon isit la, diran veye nouvèl ane a. Wi, se vre, yon—yon sèvis vèy, jan yo toujou genyen nan veye nouvèl ane a. Nou ta renmen rete, men nou jis pa ka retounen a tan answit pou—pou mennen timoun yo lekòl. E madanm mwen gen pou lave rad yo; nou konnen kijan sa ye.

6 Kifè mwen vle remèsye nou chak pou bèl bagay nou te fè pou nou pandan Nwèl la. Epi nou menm fanm ki te monte la epi ki te mete manje nan kay la, ak bagay konsa, pou nou, pou ke lè nou rive la, te gen...bagay yo te deja kwit epi yo te pare pou manje. Mwen sètènman remèsye nou pou sa. Se pou Bondye beni nou.

7 Epi legliz la, pou ti tikè yo, pou m te ka ale isit la epi—epi jwenn kèk rad si m te vle yo, pou yon kostim. Yo ban m yon kostim chak ane. Epi kèk zanmi m ki janti te jis ban mwen yon kostim. Kifè mwen panse, si se kòrèk, mwen bezwen kèk lòt bagay tankou chemiz ak souvètman, ak bagay konsa, mwen ta renmen depanse lajan an nan sa si legliz la dakò. Mwen bezwen sa pi plis pase mwen... plis ke mwen bezwen kostim lan, jis nan moman sa.

8 Epi kounyeya, jèn gason sa a ki te fèk chante pou nou an, Frè George Smith, ki soti nan Tucson, nou te monte al nan legliz yo a ki anwo a, legliz Batis Nouvo Testaman an. Papa I se yon misyonè. Mwen panse li gen anvivon sèt legliz laba nan Vye Meksik. E sètènman gen kèk bon moun la. Epi papa I ak manman I, ak yo tout ansanm, yo se bon moun. E George se yon jèn gason trè debyen. Mwen te jis regrèt ke li pa t ban nou yon mo temwayaj anvan li te chita, sou gras Kris sovè a nan lavi li.

9 E kounyeya, Mesaj yo—yo, mwen te pwomèt isit la sa pa gen lontan, ke Mesaj yo, anvan m te soti al nan reyinyon yo, m t ap vin isit la epi pou m anrejistre bann yo an premye epi lèfini pou m pati. Sa se te pou voye bann yo bay moun yo. Alò mwen t ap vin isit la epi anrejistre yon Mesaj, epi answit mwen t ap soti pou m al preche L. Sa t ap bay moun yo yon chans, pou—pou moun k ap fè bann yo, pou yo fè bann lan epi nou t ap pran I pou pote I avèk nou sou wout nou. Kounye a m ap prepare m pou m ale nan yon gwo toune evanjelik, kidonk mwen p ap kapab fè sa kounye a, ou wè, e moun k ap pran bann yo ap jis gen pou jwenn yo selon jan sa prale...

10 Epi mwen panse, apre tou, èske yo pa gen yon reyinyon osijè de bann yo semèn sa a? Oswa, yon bagay oswa yon lòt osijè, yon bagay osijè bann yo semèn sa a. De tout fason, mwen panse Frè Sothmann isit la, e li reprezante Frè Maguire. Mwen pa konnen si li la oswa non. Mwen panse frè Fred isit la. Yon moun te di ke li te isit la. Epi li... Mwen panse ke y ap fè yon reyinyon semèn sa a, petèt demen swa, oswa nenpòt lè, osijè bann yo. Nou t ap pale de sa lòt jou swa, nan sal la la a. Mwen panse ke tan an rive pou yon bagay, ke yo pran epi yo fè aranjman apwopo de sa.

11 Kidonk, apati kounye a, mwen pral jis preche Mesaj yo ke mwen poko touche isit la nan tabènak la, nan reyinyon yo.

12 E kounyeya, mwen vle rekonesan anvè Bondye pou temwayaj Frè Blair sa a. Li rive ke Frè ak Sè Blair ki chita isit la aswè a, ki chita devan nou, li menm ki te gen ti gason an. E m sonje lè Seyè a te di m, lè li te...Frè Blair, li te nan lapenn, li t ap kriye. E figi ti gason I lan te kraze konsa, nan yon machin ki te chavire, e ka I te move anpil. Men pandan m t ap lapriye, mwen

te wè ti bònnonm lan byen. Epi Frè Blair, natirèlman, li te mande m, li di: "Frè Branham, èske se ENSI DI SEYÈ A?"

Mwen di: "Frè Blair, Blair, se ENSI DI SEYÈ A."

13 E Frè Blair isit la aswè a. E nou sètènman rekonesan dèske nou gen Frè Blair avèk nou. E li t ap soufri ak yon ti pwoblèm nèvozite. Epi Satan ba l yon gwo kou, isit la sa pa gen lontan, pou l eseye fè l pa kwè m. Epi pandan Satan t ap fè sa, Seyè a te pwoche bò kote l e Li te revele l sa; epi Li te pale l de sa, jis pou koupe sa anvan lè a rive pou sa a. E Frè Blair se yon bon gason. E mwen vle ou sonje li. Li on jan ezitan ant plizyè opinyon sou sa l dwe fè. Li jis pa konn ki direksyon pou l pran. E mwen gen konfyans, Frè Blair, ke Bondye... Ou se yon gran sèvitè Kris, e Li gen anpil bagay pou ou fè, paske Limyè yo ap vin fèb. Èske w te la maten an? En-en. Ebyen, se trè byen.

14 Kounye a—kounye a, mwen sipoze, pwochen fwa m pral wè w, petèt nan sezon Prentan an, yon ti kras. Epi lè sa a, petèt nou pral konnen si nou pral fè reyinyon yo, oswa non, isit la nan Jeffersonville, pandan tan ke mwen ta dwe nan Nòvèj ak nan peyi Scandinavian yo. Kounye a jis anvan nou pran yon tèks...

15 Paske, nou gen yon liy lapriyè k ap vini, e anpil moun kanpe, chanm yo, ozalantou mi yo, ak lòt bagay, e mwen konnen, nou menm, se difisil anpil pou nou. E mwen te konn kanpe, anpil fwa, mwen menm. E mwen te pase, toutalè a, antan m t ap mennen madanm mwen desann, mwen te remake moun yo bò kote pòt yo. Epi mwen te panse: "Ki moun ki di Levanjil la pa toujou bagay ki pi atiran ki genyen nan mond lan?" Se sètèn. Se ke, Li atire moun ki enterese nan Li. Moun ki pa enterese, natirèlman, yo pa enterese. Yo menm, Li p ap atire yo. Men, Jezi te di: "Si Mwen leve monte anwo tè a, M ap atire tout moun vin jwenn Mwen." Ala vre sa vre!

16 E lè m rive isit la, sitèlman gen anpil bagay pou m di, e mwen dwe ekri sa m pral di la a, pou yon ti tan. Oswa mwen...Sitèlman gen anpil bagay pou m di, ou jis bliye sa w pral di a.

17 Kounye a, mwen konprann papa Frè Ungren te batize maten an, nan Non Jezikri. E si Sè Ungren ak lòt yo isit la, mwen sètèn sa se yon gwo bagay pou yo, paske se lapriyè konstan yo pandan plizyè ane. Epi Frè Ungren, kèlkeswa kote w ye a, Bondye beni w anpil, frè m.

18 E si sa pa kòrèk, Bondye ap fè m reponn pou sa nan Jou Jijman an. Ou wè? Mwen konnen se kòrèk. M ap—m ap pran blam lan pou sa. Se egzakteman sa, paske se Laverite.

Ou di: "Èske sa fè yon diferans?"

19 Sa te fè yon diferans pou Pòl. Yo te mande ki jan yo te batize. Yo te di yo te deja batize pa Jan, nonm ki te batize Jezi a. Pòl te di yo te dwe vin rebatize, ankò, nan Non "Jezikri." E pa gen yon sèl moun nan Bib la ki te janm batize nan Non "Papa, Pitit la, ak Sentepri a".

20 Okenn moun pa t janm batize konsa jouk lè legliz Katolik te òganize nan Lao-...Lao-Nise, Konsil Lao-Nise a nan Lao-Nise, Wòm. Se la kote premye moun lan te janm batize, lè l te sèvi avèk tit yo.

21 Yon kanmarad te pale avè m lòt jou. Mwen di: "Ebyen, si... 'Seyè Jezi a,' se Non Li." Li di... "Ebyen," mwen di, "si yon moun vin jwenn ou..."

Li di: "Mwen pa panse ke sa fè okenn diferans."

22 Mwen jis te pran l nan pwòp doktrin li. Mwen di: "Si yon moun vin jwenn ou epi li di: 'Mwen resevwa batèm nan Non Woz Sawon an, Lis nan Vale a, ak Etwal Maten an,' èske w t ap di 'amèn' a sa?"

Li di: "Non, mesye."

Mwen di: "Ki jan ou ta... Èske ou t ap rebatize l?"

Li di: "Wi, mesye."

Mwen di: "Ki jan ou t ap batize l?"

Li di: "Mwen t ap batize l nan Non 'Papa a, Pitit la, Sentepri a'".

23 Epi mwen di: "Se konsa m t ap batize l, wi, nan Non Papa a, Pitit la, Sentepri a." Mwen di: "Bon, 'Woz nan Sawon an, Lis nan Vale a, ak Etwal Maten an' se pa yon non."

Li di: "Se vre. Se yon tit."

24 Mwen di: "Se konsa tou pou 'Papa a, Pitit la, ak Sentepri a.' Bon m t ap batize l nan Non Papa a, Pitit la ak Sentepri a; e Non Papa a, Pitit la ak Sentepri a se 'Seyè Jezikri a'. Egzakteman. Kifè mwen di..." E li te wè li, kwè sa, ou non.

25 Se te Frè Joseph Mattsson-Boze, nan Chicago, kanmarad ki pi difisil mwen te janm genyen pou m konvenk, sou sa. E mwen sipoze mwen gen anviwon twa oswa kat mil natif natal pou batize kounye a, lè m prale ann Afrik avèk li, epi pou yo rebatize ankò.

26 Bon, nou rekonesan pou Limyè Levanjil la. E kifè, kounye a, Jezi te di, lè li te isit la sou tè a: "Mwen menm, sa Mwen tande a, se sa Mwen di." Epi kounyeya m pral di...jis pou pwochen

nou an, anviwon dis minit, oswa kenz, jis anvan m pran tèks mwen an, ak yon tèks trè kout, epi answit nou pral gen liy lapriyè a. Mwen rive yon kote nan ministè m, kote mwen ye... Mwen gen pou—pou di yon bagay. E mwen...

27 Jezi di sa. Se sa Li te tandè, se sa Li te pale. Epi li di: "Mwen rele nou zanmi M, e yon zanmi di zanmi l tout bagay."

28 Pòl te di, nan Ak 20:27: "Mwen pa evite fè nou konnen tout Konsèy Bondye a." Ou wè?

29 Epi mwen ka patisipe, aswè a, epi di menm bagay ak gran sen sa a nan tan lontan an. Daprè sa mwen konnen, mwen pa t...Mwen pa t evite, sa sèlman anonse nou tout Konsèy Bondye a.

30 Yon moun t ap jwe youn nan bann yo, lòt jou a. E jis paske sa te fè yon moun fache, yo te tire sou yo atravè fenèt la, epi yon fanm te blese.

31 Kidonk petèt yon jou mwen pral sele temwayaj mwen. Men lè lè sa a rive epi li... Mwen pare pou m ale. Jouk tan mwen an rive, pa gen anyen mal ki ka rive m jouk lè sa a. Ou wè?

32 Kounye a, nou kwè nan menm Levanjil la, jis fason yo ekri Bib la. Li byen ajiste. E—e si zam lan egzakteman byen ajiste, epi li byen regle; si li frape sib la premye fwa a, l ap frape l yon dezyèm fwa, epi chak fwa.

33 Si yon pye bwa, oswa yon branch, yon pye rezen pouse yon branch, epi branch sa a bay yon sèten fwi; pwochenn fwa a pye rezen an pouse yon branch, l ap bay menm kalite fwi a.

34 Epi si Jezi se Pye Rezen an, epi nou se branch yo; e premye Branch lan, Legliz la, Pye Rezen an te pouse, yo te ekri yon Liv Ak dèyè li. E premye Branch sa a te batize nan Non Jezikri. Epi yo te gen Bondye vivan an nan mitan yo, ki te fè menm bagay pami yo ke Li te fè lè Li te sou tè a. Se poutèt sa, moun yo te remake yo, byenke yo te inyoran epi iletre, e ke yo te avèk Jezi, paske Lavi Li te nan yo.

35 Jan m te di a, si m te gen lespri Beethoven nan mwen, m t ap ekri chante. Si Beet-...si mwen...Si Beethoven te viv nan mwen, mwen t ap Beethoven. Ou wè?

36 Si Shakespeare te viv nan mwen, mwen t ap Shakespeare. Mwen—mwen t ap ekri powèm, ak—ak—ak pyès teyat, ak lòt bagay, si Shakespeare te viv nan mwen.

37 E si Kris ap viv nan mwen, se travay Kris la n ap fè. Se vre. Sa dwe fèt. E kisa Kris ye? Pawòl la. Li te di: "Si nou rete nan Mwen, Pawòl Mwen nan nou, alò mande sa nou vle; sa va fèt." Paske, Pawòl la la, Li jis bezwen Limyè a; e Limyè a fè Li vivan.

38 Kifè koulye a mwen pral di nou yon bagay, koulye a, ke mwen pa t di nou depi byen anvan. E, sa se, bagay ke n ap tann depi sitèlman lontan an (depi omwen anpil ane, kat oswa senk ane, oswa petèt pi lontan), Twazyèm Pull la, li konfime kounye a, e mwen sèten nou tout konnen kisa li ye.

39 Kounye a sonje, yo p ap janm ka imite sa a, paske sa pa ka fèt. Ou wè, sa pa ka fèt. Kounye a li egziste. E mwen gen...Yo avèti m sou sa a, ke byento... Kounye a, nan moman sa a, sa fèk rive, kidonk li te kapab idantifye prezans li nan mitan nou, ou wè, men li p ap itilize nan yon gwo fason jiskaske Konsèy sa a kòmanse sere vis la. E lè li fèt, lè sa fèt... Pannkòt yo, ak lòt bagay, ka prèske imite nenpòt bagay ki ka fèt. Men lè tan sa a rive, lè presyon an rive, lè sa a nou pral wè, sa nou te wè ki te manifeste pou yon ti tan an, pral manifeste ak tout fòs li. Ou wè? Ou wè? Ou wè? Ou wè?

40 Kounye a mwen dwe kontinye nan evanjelizasyon. Jis jan mwen te komisyonè, anvan an, mwen dwe kontinye. Se poutèt sa, nou te gen Pawòl la, e nou konnen ki sa pou n ap chache, ki jan pou nou kanpe. Mwen dwe kontinye nan evanjelizasyon. Epi, zanmi m yo, rete trankil, epi jis kontinye avanse, paske lè a ap apwoche rapidman, ou wè, se lè gen yon bagay ki pral fèt.

41 Kounye a, nou ta ka wè kèk ti bagay etranj k ap pase m. Se pa anyen ki konsène peche; se pa sa m vle di. Men, mwen vle di, yon bagay etranj ak tandans abityèl la. Paske, kote m rive kounye a, nan ministè a, mwen rete an retrè isit la, je m fikse sou pwèn sa a ap tann moman an rive pou itilize l. Men li pral itilize.

42 Epi tout moun konnen sa, paske, menm jan yo te idantifye Premye a, se konsa yo te idantifye Dezyèm lan. E si w ap reflechi byen, ou menm ki espiyèl. Jan Bib la di: "Se la moun ki gen lasajès." Twazyèm lan byen idantifye. Ou wè? Nou konnen ki kote li ye. Kifè, Twazyèm Pull la isit la.

43 Li tèlman sakre, ke, mwen pa dwe di anpil bagay sou li. Jan li te di m okòmansman an, Li te di: "Sa a, pa di anyen sou li." Nou sonje sa, plizyè lane de sa? Li pale poukont li. Ou wè? Men, nou menm...Mwen te eseye eksplike lòt yo, epi mwen te fè yon erè. Se pral bagay la, sa, dapre opinyon m... Mwen pa di se Seyè a ki di m sa. Se pral yon bagay ki pral kòmanse lafwa pou Lanlèyman an, pou depa a. Ou wè? Ou wè? Epi li...

44 Mwen dwe rete trankil pou yon ti tan. Koulye a, sonje, epi moun ki ap koute bann sa a, ou ta ka wè yon chanjman konsa nan ministè mwen an touswit, yon bès, pa yon monte; yon bès. Nou nan laj la kounye a menm, e sa pa kapab, sa pa ka ale pi lwen. Nou dwe tann jis yon minit jiskaske sa a rive *isit la*, pou nou ka rive jouk isit la, alò lè a va rive. Men, li byen idantifye.

45 Gen yon tan k ap vini, nan nasyon sa a, kote nasyon sa a pral egzèse tout pouvwa bèt la te genyen anvan li a, ki te Wòm payen lè li te vin Wòm papal, ou wè, nasyon sa a pral fè sa.

46 Apokalips 13 eksplike li klèman. "Ayo a soti sou tè a. Lòt bèt la soti nan dlo," yon bann ak yon foul moun. Ayo sa a te monte yon kote ki pa t gen moun. Yon ayo reprezante yon relijyon. Ayo Bondye a... Epi, sonje, li te pale tankou yon ayo. Se te yon ayo.

47 Epi, apre yon ti tan, li se-...resevwa pouvwa, li te pale tankou yon dragon; epi li te egzèse tout pouvwa dragon an—an te genyen devan l. E *dragon an* se "Wòm," toujou. Kifè nou pa wè? Denominasyon Women; "yon mak," denominasyon Pwotestan; "yon imaj pou bèt la," k ap fè yon pouvwa ki pral fòse tout Pwotestan, tankou yon sendika. Ou pral oblije antre nan Konsèy Legliz sa a, oswa ou p ap kapab genyen kominyon fratènèl. Oswa pou—pou...

48 Ebyen, se—se pratikman konsa kounye a. Ou pa ka ale nan yon legliz epi preche sof si ou gen yon kat asosiyasyon oswa kèk idantifikasyon. Epi kounyeya, moun tankou nou, yo pral koupe nou tout sa, tout ansanm, se egzakteman, paske yo p ap kapab fè l.

49 Sa ap vin pi sere. Alò lè moman sa a rive, epi presyon an va rive nan yon pwen kote yo va ekskli nou tout kote, alò siveye sa m ap prepare pou m di nou la nan kèk minit. Alò siveye Twazyèm Pull la, ou wè, e li pral absoliman adrese a sila yo ki pèdi nèt ale, men li—li pral disponib pou Lepouz la ak Legliz la.

50 Kounye a nou pi pre pase sa parèt. Mwen pa konnen ki lè, men li reyèl, reyèlman pwòch. Mwen kapab ap bati yon platfòm pou yon lòt moun ka mache sou li. Yo ka pran m anvan lè sa a. M pa konnen. Epi lè sa a kapab semèn k ap vini an, pou Sentespri a va vini ak...epi mennen Kris Jezi. Li ka vini semèn pwochè sa. Li ka vini ankò aswè a. Mwen pa konnen kilè Li pral vini. Li pa di nou sa.

51 Men mwen kwè, nou sitèlman pre, ke mwen pa t ap janm mouri ak vyeyès. Poutan, ak senkannkat lane, mwen p ap janm mouri ak vyeyès, jiskaske Li la. Ou wè? Sòf si yo tire m, yo touye m, oswa yon lòt bagay, si yo touye m yon lòt fason, jis vyeyès pa t ap touye m, jiskaske Li vini. E mwen kwè sa.

52 E mwen vle di sa. Mwen pat janm di sa anvan. Men dapre Lekriti, dapre sa Li te di sa gen trant lane pase; trantwa lane de sa laba nan rivyè a, an 1933, pito; sa Li te di, tout bagay te rive jis egzakteman. Mwen gendwa pa fè sa, men Mesaj sa a pral prezante Jezikri bay mond lan. Paske, "Menm jan yo te voye Jan Batis pou prepare premye vini an, se konsa Mesaj la pral prepare dezyèm Vini an." Epi Jan di: "Men Ayo Bondye a k ap wete peche monn lan." Ou

wè? Kifè, sa, li te konparab avè l nan tout fason. E mwen konnen li pral fè sa, Mesaj la pral kontinye avanse.

53 Kounye a, te gen kèk gwo bagay ki te pase sou wout la. Maten an mwen t ap fè entèvyou nan sal la isit la. Epi yon—yon jèn kanmarad, ki rele Autry, li pwobableman toujou isit la aswè a. Li soti nan San Antonio, Texas. Li te vin mande si...lè nou t a prale nan Dallas, nou te vin soti nan Kalifòni; si nou ta ka pase yon nwit nan tabènak yo a, jis pou yon nwit. E n ap etidye sa, nan jou k ap vini an oswa nan de jou, pou nou wè si nou ka fè sa. Epi li t ap pale m de... Mwen pa t janm ale nan San Antonio depi premye reyinyon sa a.

54 Bon, premye reyinyon an, lè m vin San Antonio. Mwen te la, mwen panse, avèk Frè Coote ak Lekòl Biblik Entènasyonal la. Epi mwen bliye oditoryòm nou te gen sèvis ladann lan. E se te swa premye sware mwen oswa dezyèm sware, mwen panse se premye swa a, lè mwen t ap mache sou platfòm la, yon moun te leve nan bilding lan, byen lwen dèyè a, e li te pale an lang, tankou yon—yon mitrayèt k ap tire. Epi li pa t fè anyen pi plis ke chita, jis yon ti moman oswa de, jiskaske yon moun leve sou platfòm lan epi li bay entèpretasyon an.

55 Epi mwen te rete, dapre sa l te di a. Epi mwen te di nonm lan : "Èske w konnen nonm sa a?"

Li di: "Non, mesye." Epi li te di...

Mwen di: "Ki jan ou fè vini isit la?"

56 Li di: "Moun m ap travay pou yo a, te la a...te la a aswè a, yo te mennen m." Li se yon...te yon Cowboy.

Epi mwen di: "Kisa ou fè?" Li te di... "Èske w konnen l?"

57 Li di: Non, mesye. Mwen pa janm wè l."

58 Epi mwen di: "Kisa ou ye?" E li te yon machann nan vil la.

59 Epi sa yo te di nan...Kounyeya, mwen te toujou, anvan m te aprann pi byen, mwen te yon ti jan ensèten pou m pale an lang; mwen te panse anpil ladann se te lachè, e li ka sa. Men lè yo te di sa a, entèpretasyon sa a se te egzakteman sa zanj Seyè a te di laba nan larivyè a, onz lane anvan sa: "Kòm Jan Batis te voye pou prepare premye vini Kris la, yo voye w pou prepare dezyèm lan." Ou wè?

60 E men li ki te la, lè Zanj sa a, Limyè sa a ki te byen idantifye. Alafwa pa legliz la, pa Pawòl la, pa lasyans, ak tout bagay, te idantifye li. Limyè sa a, se te premye fwa Li parèt an piblik, Li

te kanpe jis sou kote m te ye a; nan anviwon de zè nan apremidi a, nan pye pon an menm kote a, jis isit la nan pye Spring Street, nan dlo a. Bon, sa te gen anpil, anpil ane de sa. E egzaktaman sa Li te di a rive tout bon vre.

61 Frè sa a ki isit la t ap di m, maten an. Li te marye ak yon ti fi ki soti nan legliz isit la, pitit fi Sè Noyes la. Epi mwen pa konnen, mwen devine jenn gason an... Èske w la, Frè Autry? M pa konnen. Li te soti nan San Antonio. Mwen pa konnen si li la oswa non. Li te isit la maten an. Epi li tap di m. Mwen kwè se te granpapa li, pandan reyinyon sa a, li te yon epileptik tout lavi li, e yo te mennen l la.

62 Se te pandan Premye a, kòmansman ministè a, lè Li te di ke, pou disènan an, yo t ap mete men yo sou men pa m, e sa ki t ap di a t ap sa l te ye a. E mwen te di nou, e anpil moun te temwen aswè a, ke li ta rive ke mwen ta konnen menm sekre ki nan kè yo. Nou sonje sa, anvan li te janm rive? Apeprè senk oswa sis lane pita, sa te fèt; nan Kanada, pou premye fwa a, e sa te rive. Epi Li te di: "Si w kontinye rete sensè, sa ap kontinye sou kontinye". E kounyeya Twazyèm bagay la pran plas, ou wè, sa jis toujou ap avanse san rete.

63 Epi li te di yo te mennen papa l nan liy lan, e yo te pale de epilepsi sa a, ak lòt bagay, epi yon priyè te fèt pou li. E sa te fè sèzan de sa, m panse se sa, anviwon sèz oswa disètan de sa. Apre sa, li di li pa t janm gen yon kriz depi lè a. Epi li preske gen katrevensèkan, epi li pa t janm fè yon kriz depi lè a. Kisa l ye? "Jezi Kris se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan."

64 Èske Margie Morgan nan bilding nan? Sè Margie Morgan, yon dam ke yon kansè t ap devore; yon enfimyè. Konbyen moun ki sonje Sè Morgan? Si l la a, li pa ka antre. Li t ap travay kòm enfimyè. Ou wè, sou lis kansè nan Louisville, dam nan te mouri depi anviwon sèz, disètan, sou lis kansè Louisville la.

65 Lè Jim Tom Robertson, avoka a, avoka kretyen an, te tandè pale de sa, li te al nan Lopital Batis la, pou tcheke pou wè si se te vre, paske papa l nan konsèy, administrasyon nan Lopital Batis la. Epi yo gade ka a, e dam nan te sipoze te mouri, dèzane de sa. Epi l ap travay isit la nan Jeffersonville, nan lopital la. Lè l te kanpe isit la menm, alòs ke yo te oblije kenbe l, li pa t posede tout tèt li. Men se te ENSI DI SEYÈ A, ebyen l ap viv. Li te retounen travay kòm enfimyè, nan Louisville.

66 Epi yon kanmarad anba isit la, plas Candy Schimpff . Eske mesye Schimpff la aswè a? M ta renmen pou l di l, si li la a. Sonny Schimpff, yon kokenn nonm an sante. Anpil fwa lè m te konn...

67 Mwen rayi di sa, men se laverite. Papa m te konn ban m senkant santim si m te travay tout semèn nan, epi m ta vin nan vil la epi m ta pake bisiklèt mwen an bò kay Frè Mike Egan, youn nan administratè isit la. Avèk Jimmy Poole, mwen kwè pitit gason l lan la isit la aswè a; Jim avè m, ak Earnest Fisher, epi nou ta al lavil la, epi al nan sinema pou senk santim, epi nou te konn al wè ansyen fim bèbè yo. Nou te timoun piti, e nou te vle wè sa, nou te gen anviwon uit, dizan. Nou te gen William S. Hart. sa a. Anpil nan nou mesye yo pa sonje l, ansyen aktè a. Fim bèbè yo; lè sa a m pa t kab li. M ta jis oblije gade sa k ap pase. Epi m ta dwe eple tout bagay yo, men m pa t kab fè l, men m ta gade sa ke l t ap fè.

68 Ebyen m ta gen yon senk santim anplis. Epi konbyen ki sonje ke yo te gen yon kònbè krèm glase pou yon santim? Dakò. Mwen te kab gen twa kònè krèm glase, epi pou de santim yon valè sirèt wouj fò. Mwen pa t kab kenbe kònè krèm glase yo, kidonk mwen manje yo. Apre sa, m achte pou de santim sirèt wouj fò, sa ta prèske mwatye yon liv bagay sa yo. Epi se Schimpff ki te fè yo. Apre sa, mwen ta antre la, epi chita gade William S. Hart.

69 Epi jenn gason sa a, yon ti kras pi gran pase m, key on maladi te frape, ke senk espesyalis renome nan Louisville te abandone, ki te peze anviwon karanssenk liv, epi li t ap mouri. Madan Morgan t ap pran swen l. Epi li te nan yon kondisyon konsa! Li te tèlman gen anpil bagay; poumon li te fini, gòj li te fini. Ti bra l yo te jis anviwon gwosè sa a, epi li te kouche la, ap mouri.

70 Epi yo te anplwaye Madan Morgan pou l vin travay la. Se konsa, li di l, "Yon fwa m te malad ak kansè," epi li te kòmanse rakonte l.

71 Li te di: "Kiyès ou te di, Billy Branham? Se kisa," li te di, "Mwen te vann li yon gwo kantite sirèt wouj fò ak kònè krèm glase." Li te di, "Map mande m si l ta vin priye pou mwen?" Epi m te al priye pou Junie Schimpff.

72 Epi kounyeya si w ta renmen pale avè l, se Schimpff's Candy ki anba la a, bò kote l, oswa dezyèm pòt apati de Teyat LeRose la, anba la a. Schimpff Candy a, nou tout isit la konn ki kote l ye. Oh lala, li se youn nan pi ansyen ki enstale nan Jeffersonville la.

73 Epi pandan l te kouche la, l ap mouri, avèk senk espesyalis ki ba l jis kèk èdtan pou l viv. Se te ENSI DI SEYÈ A: "Ou p ap mouri; men ou pral vann mwen ankò sirèt wouj fò sa yo ankò, sou kontwa a." Lontan...

74 Mwen te konnen ke l te geri, men sa te gen lontan m te bliye sa. Epi mwen menm ak madanm mwem nou t ap desann al achte sirèt, lè n te rive la a pou Nwèl la. Epi m pa konn, kouman fè, ke nou te janm panse a Schimpff. Paske, dabitid, n al bò isit la nan kèk famasi sa yo epi achte li, men nou te rete devan Schimpff la.

75 Lè m te antre, sè l la te gade, epi l te di: "Ebyen, Frè Branham." Li te di, "Ou sonje Junie?"

76 Mwen di: "Wi." Epi men, yon kokenn jenn gason, fò, ki gen lè ansante.

77 Apre sa mwen te pwoche bò kot kontwa a, mwen gade l, mwen gade pa anba konsa. M te di, "Mwen pral pran yon liv sirèt wouj fò sa yo."

78 Epi li di: "Wi, mesye." annatandan, sè l la t ap sèvi madanm mwen. Epi, se konsa, li t ap pare yo.

79 Epi mwen te di: "Mwen te konn manje yo, sa gen yon bon bout tan, isit la nan sinema a"; m kenbe tèt mwen bese. Epi li di: "Wi," li di, "anpil nan timoun yo te konn achte sa yo." "Yo toujou achte yo," m te di. Li te di: "Se papa m ki fè sa a, li te prepare resèt sa a." M te di, "M vrèman renmen yo."

80 Kounye a, apre l fin prepare tout bagay epi l te lonje l ban mwen, li di: "Èske gen lòt bagay?" Epi m di, m di, "M pa konnen," epi m leve tèt mwen. Oh, lala! Li te di: "Frè Branham!"

81 M te di: "Men sirèt wouj fò yo, ke, m te di w, 'ENSI DI SEYÈ A,' sa gen anvivon senkan."

82 Li te di: "Frè Branham, mwen tèlman byen geri, pa gen menm yon efè. Mwen gen yon vyek ti difikilte pou tande nan yon sèl zòrèy." Mwen devine ke li nan senkantèn li. Li te di, "Mwen gen yon vyek ti difikilte pou tande nan yon zòrèy, paske yo ban m tèlman anpil antibyotik lè m te la ba a." Gras enfini Jezikris la!

83 Kounye a m pa gen anpil tan kounye a pou m di yon lòt bagay, men mwen—mwen—mwen vle fè deklarasyon sa a.

84 Konbyen moun ki raple yo de ekirèy yo? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Dakò. Sa te yon vèsè ki te enbrigan, nan lavi m, ke mwen—mwen pa t janm ka konprann sa.

85 Epi te gen yon lòt ki te enbrige m, se lè Moyiz te kab di Bondye yon meyè fason ke Bondye ki te konnen ki jan pou l fè yon bagay, lè Moyiz te di: "Moun pral di, 'Bondye w la te kab fè w soti, men l pa kab prezève w,'" epi Moyiz jete l nan fose a. Alò pita mwen te dekouvri ke, Moyiz, se te Kris la nan Moyiz, ki te pran pozisyon pou pèp la. Ou wè?

86 Konsa lè sa a Ekriti sa a, ke m pa ta janm preche sou li, "Si w di mòn sa a: 'deplase la a.'" Epi ou konnen istwa a, konsa m ap evite sa a. Kounye a, mwen pa t konnen kisa k ta pral rive. E m panse ke Frè Wood ak Frè Fred, ak lòt yo ki isit la nan bilding nan, ki te la nan moman sa te rive a, oswa imedyatman apre ke sa te rive la ba a.

87 Epi Frè Rodney ak Frè Charlie, ki te soti nan Kentucky, frè Sè Wood la, ak lòt yo, te la lè sa te rive nan Kentucky, se te dezyèm fwa ke sa te rive. Jis tou senpleman pale, bagay ki pa t egzizte vin a legzistans. Ou wè? Pale, tout tan, epi apiye Ekriti yo, se ankourajan.

88 Twazyèm fwa sa te rive se te Hattie Wright. Eske Hattie la aswè a? Li se sè Edith... Konbyen moun ki konnen Hattie Wright? Frè Wood ak mwen te chita la lè sa te rive, epi lè Sentespri a te di, "Ba l sa l vle a," epi nou t ap pale de sa, ki jan ekirèy yo vin a legzistans.

89 Apre sa m te di: "Se, sèl bagay li ye, Li se Jewova-Jire. Jis lè Abraram te bezwen yon belye, Bondye te bay belye mouton sa a. Epi li bay ekirèy yo. Li ka pale yon ekirèy jis vin a legzistans, paske Li se kreyatè, jis menm jan li te kab pwononse Pawòl pou belye mouton an. Abraram pa t janm mande l. Li te jis kontinye ap fè sa l gen pou fè, men sa te montre ke Jewova-Jire te la a."

90 Lè m te di sa, yon ti madanm enb... Pou premye fwa sa te janm rive, Twazyèm poul la, sou yon èt imen, se te yon ti, madanm enb.

91 Ki, ap fè anviwon desan dola pa ane, pou l viv, ak tout sa l te jwenn nan ti fèm li a. Mari l mouri; de timoun ki te on jan malkomòd. Epi li vin bay ven dola, de sa a, pou bilding Tabènak sa a. Epi Meda te banm yon ti kòb jou maten sa a pou makèt, ven dola, e mwen ta pral remèt li jou sa a, pandan ke m te la a, pou l pa oblije peye. Men, li pa t vle pran l. E lè...

92 Li te chita nan kwen an, e lè m te di: "Sèl bagay mwen konnen, se li ki toujou Jewova-Jire."

93 Epi ti Hattie te di pawòl ki jis la. Li te di, "Sa pa anyen lòt ke laverite ."

94 Epi lè li te di sa, Frè Banks Wood isit la se youn nan sila ki te prezan yo, chanm sa a te tankou l t ap eklate. Epi Sentespri a te di, menm Vwa a ki te pale osijè de ekirèy yo, te di, "Ba l sa l mande a."

95 Epi m te di: "Sè Hattie, antanke temwen devan Bondye, men sa l ye. Koulye a, si gen nenpòt dout nan tèt ou, mande sa w vle, epi si l pa depoze l sou kwis ou, alòs, mwen se yon fo pwofèt."

96 Li te di: "Frè Branham." Tout moun tap kriye. Li di: "Kisa pou m mande?"

97 Mwen te di: "Ou pòv, epi w ap viv sou ti mòn ki laba a, san lajan; ou ta ka mande pou sa. Ou te gen yon ti sè enfim chita isit la, Edith, ke nou te priye pou li, pandan plizyè ane; ou ta ka mande pou li geri." Mwen di: "Papa w ak manman w fin vye granmoun e afè yo pa bon; ou ta

ka mande pou yo. Kèlkeswa sa w mande, Sè Hattie, gade kounye a si sa ap rive ou pa, kounye a." Apre sa, m te di, "Li fèk di m ', menm Vwa a, te di, 'Ba l sa l mande a."

98 Epi li te gade toutotou li, li te di: "Kisa pou m di, Frè Branham?"

99 Mwen te di: " Di kisa ou vle. Panse ak pi gwo dezi w, epi di l."

100 Epi ti gason l yo t ap moke e t ap ri. Epi li di: "Pi gwo dezi mwen genyen se sali de pitit gason m yo."

101 Mwen te di: "Mwen ba ou yo, nan Non Jezikri," epi la yo te reyaji.

102 Epi yo te fidèl nan legliz sa a, nan fraternite, ti mesye yo te chita la a ap fè lavman dèpye ak mesye yo, ak bagay konsa. Nou tout temwen sa.

103 Li te fè yon vrè chwa. Manman l gen pou mouri, li menm tou, yo tout. Men sa l te mande a p'ap janm fini an, e se sali pitit li yo. Se te twazyèm fwa sa te rive.

104 Katriyèm fwa sa te rive, mwen jis eksplike l isit la dènye fwa m te isit la a, m te sou mòn kote tanpèt sa a t ap fè ravaj. Konbyen moun ki te tande l? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] O, nou tout. Dakò. Kote tanpèt la t ap fè ravaj. Epi Bondye etan Jij mwen ki kanpe la, m t ap desann mòn lan lè...

105 David Wood, li kèk kote isit la la a, mwen kwè, ki te fè yon sandwich pou mwen, epi se te vrèman youn! Mwen panse ke li t ap eseye pran revanj pou sa m te fè pou papa l la, kèk ane de sa. Li te gen salami, ak-ak vyann e tout bagay melanje ansanm. Apre sa mwen mete l nan chemiz mwen, epi lapli te tonbe, epi m te jis gen yon boul farin.

106 Epi m t ap desann mòn nan. Tanpèt la te tèlman fò, m pa t kab menm wè men m devan m, difisilman. Epi m konn, yon sèl bagay, w ap vire anwon, paske van sa a jis ap fè toubiyon. Ebyen gen temwen isit la, pou sa.

107 Youn nan yo se youn nan dyak fidèl nou yo, ki se Frè Wheeler. Èske w la, frè Wheeler? Kote l ye? Wi, jis la a, Frè Wheeler.

108 Frè Mann, yon predikatè Metodis ki soti New Albany. Èske, frè Mann, la a aswè a? M pa konnen si l la ou pa.

109 Frè Banks Wood. Èske w la, frè Banks? Li nan sal anrejistreman an. Dakò. Epi—ak David Wood.

110 Epi frè Evans te la, m kwè. Eske se sa, frè Evans? Frè Evans, ki kanpe bò miray la la a, li te la.

111 Epi kouman yo te anonse pandan plizyè jou, de jou anvan sa, "Yon gwo tanpèt t ap travèse peyi a."

112 Frè Tom Simpson la aswè a. Lè l t ap desann sot Kanada, yo te mande l pou l kontoune l, paske l pa t kab pase, "Yon tanpèt t ap rive." Frè Tom, ou la a? Ki kote w ye? Men l, chita jis la a. Apre sa nwaj yo te monte. Epi mwen di, "Frè m yo..."

113 Tout moun te depeche yo. Pa te gen pèsonn la ba a, nan santèn moun ak yon ti kras ki te la ba, pa t gen pèsonn la ba a, sof ti gwoup nou an ak Cowboy la, kavalye a. Epi nou te pral rete.

114 Mwen te rele Sè Evans, epi m te fè l rele madanm mwen epi di l pou l di Tony, "Si m pa t rive soti, fè yon lòt moun òganize dejene pou lèzòm dafè yo."

115 Epi sou tèt mòn lan jou—jou sa a, m te di: "Kounye a, lè premye ti gout lapli a kòmanse, oswa nenpòt lòt bagay la, rantre nan kan an." M te di: "Nan dis oswa kenz minit ou pa p ka wè men w devan w, lè tanpèt sa yo... epi pral gen ven pye nèj tonbe jis nan yon ti bat je, sou mòn lan."

116 Epi se konsa moun yo, ou li l nan jounal la, ki jan yo te la ba a ap peri, ak tout bagay. Men nou te konn ki jan pou n soti, epi yo te konnen ki kote nou te ye, e konsa nou te santi n kondwi pou n rete.

117 Epi konsa sou tèt mòn lan, lè tanpèt sa a te kòmanse, m te kòmanse desann. Epi m te jis anvivon yon demi kilomèt de kote m te kòmanse a, epi Vwa Bondye te di, "Vire epi tounen."

118 Epi m te retounen jan l te di m nan, apre m te tann yon ti tan e m te fin manje sandwich David te ban m nan, epi m te retounen la a e m te chita.

119 E pandan m te chita la a, ak van sa a k ap tòsade e t ap soufle, tèt pyebwa yo ap panche byen lwen, vègla la ak nèj la t ap vole konsa, yon Vwa te di: "Mwen se Bondye kreyasyon an."

120 Mwen leve je m, e m te panse: "Kote sa a te ye? Se te van an, petèt."

121 Li te di, "Mwen te kreye syèl la ak tè a. Mwen te kalme gwo van yo sou lanmè a," e ap kontinye pale. Mwen leve kanpe, mwen wete chapo m.

122 Epi Li te di: "Jis pale ak tanpèt la, epi I ap sispann. Kèlkeswa sa w di, se sa k pral rive."

123 Epi m te di: "Tanpèt, sispann. Epi, solèy, klere nòmalmman pandan kat jou, jiskaske n kite la a."

124 Epi mwen te apènn fin pale, kan lapli vègla a, nèj la ak tout bagay te sispann. Nan youn oswa de moman, solèy cho a te klere sou do m. Mwen te wè van yo ap soufle konsa, tounen sot nan Nò, desann... M vle di sot nan Lès, soti nan Lès. Li te soti nan Lwès la; van yo te chanje e yo te tounen konsa. Epi nwaj yo, tankou yon bagay mistik, t ap leve monte anlè a, epi solèy la ki te klere nan kèk minit.

125 Apre sa Senyè Jezi a te pale avè m yon ti kras pita, konsènan madanm mwen ki anba a, jan n konnen an, konsènan kote m te monte la a. M pa t janm konn lakay mwen pou yon anivèsè, e nou te marye pandan venndezan. Premye anivèsè a, premye a, maryaj nou, se kisa, mwen te mennen I 'nan yon vwayaj lachas. Rezon an, mwayen mwen pa t pèmèt mwen fè yon vwayaj lachas, epi-e-epi ale nan yon lin de myèl, anmenm tan, kidonk mwen-mwen ou jan mete I ansanm. Kidonk, depi lè sa a, mwen te al lachas tout tan. Mwen te santi jan ke m te trete I la. Kounye a, se te katriyèm fwa sa te pase.

126 Kounye a men yon bagay mwen—mwen vle di, e mwen dwe di egzakteman verite a. Sa gen anviwon sèzan, mwen te Kalifòni ak Frè John Sharrit, e m te gen yon reyinyon. Epi Meda ak mwen, ak Frè Sharrit ak Sè Sharrit, ak lòt yo, te rete nan yon otèl. Epi yon nonm yo te rele Pòl Melikian, ki te kanpe isit la menm nan Tabènak sa a anpil fwa; li se yon Amenyen ki rich. Epi madanm li te akouche yon timoun nan Fresno, Kalifòni, kote yo te rete a; epi li te desann, li mennen madanm li, li rele m nan otèl la, epi li di: "Èske m ka mennen madanm mwen, Frè Branham?" Mwen te di, "Wi, ou kapab." Nan demen, mwen te al Catalina.

127 Konsa li te mennen madanm li, epi ti dam nan te tèlman malad! Epi I te gade...M di: "Mete men w sou pa m, Sè Melikian," mwen te di, "n ap wè si Seyè a pral di nou." Epi osito ke I te mete men I sou mwen, mwen te di, "Oh, se yon janm flebit." Li te di, "Li pa sanble ke m gen okenn sentòm."

128 Mwen te di: "Siveye byen." Nan de jou, yo te trete I pou janm flebit.

129 Se tankou ti Jimmy Poole isit la, ti bebe I la. Lòt jou a, li te vin ak atak kè sa a, yo te panse, epi se te yon atak opresyon. Apre sa mwen mete men m sou li. M te di: "obsève I pandan de jou; li te gen lawoujòl. L ap rive la a. Se lafyèyè la." Mwen te rankontre I yè swa. Li te di ke I te pete sou li, toupatou, ak lawoujòl. Ou wè?

130 Kounye a, m t ap pale ak Sè Melikian, ak men an. Li te di: "Sa se yon bagay etonan, pou gade sa, Frè Branham." Li te di, "Èske sa mache sou tout men?"

131 Mwen te di, "Bon, si gen yon bagay ki pa mache ak malad lan." Mwen te di: "Kounye a la a, m pral depoze men m," anpil nan nou te kanpe ap gade l, epi li pa t fè l. Mwen te di, "Menni, pa gen anyen k mal ak madanm mwen, m mete men l'..."

132 "Gade non, cheri, met men w sou menm." Li chita la, madanm mwen. Li mete men l sou menm. Dè ke l te fè sa, mwen te di, "Ou gen yon kist sou ovè gòch la. Ou gen yon pwoblèm pou fi." Epi li te di, "M pa santi okenn chanjman."

133 Mwen di: "Men, ou genyen l." Becky te gen dezan. Pitit fi mwen an ki fèk sot jwe la a, sa fè yon ti tan, ke l te gen de zan.

134 Nan dezan ankò, Sara te vini sou sèn nan, e lè...Li te fèt ak sezaryèn. Apre sa, mwen te mande Doktè Dillman, doktè nou an nan—nan Corydon, pou, "Lè w louvri l, gade ovè gòch sa a," epi l te fè l. Li di: "Pa gen anyen ki mal, ke m te wè." Mwen met men m; li te toujou la.

135 Kat ane apre Jozèf vini. Mwen mande l 'gade ankò. "Pa gen anyen ki mal, jan ke m te wè a." M mete men m; li te toujou la. Kidonk nou jis bliye sa.

136 Kounye a, sa a se yon bagay ke m gen pou m di. M pa renmen di l, men se jis ke nou dwe bay sa k verite a, wè, e se sa ke w vle. Toujou di verite a, kèlkeswa sa k ap pase. Dèzane te pase, nou pa t janm remake sa.

137 Epi mwen di sa, non pa paske l chita la a, paske m di sa lè l pa la. Epi nou konn sa. Mwen pa kwè ta ka gen yon pi bon madanm nan mond lan pase madanm mwen, e m espere ke l toujou rete konsa. E mwen vle yon mari fidèl, e mwen espere ke chak jèn gason nan bilding sa a, lè l marye, jwenn yon madanm tankou madanm mwen. M pa konnen konbyen tan nou pral viv konsa, men mwen espere pou rès jou nou sou tè a. Nou te kontan anpil ansanm. Se Bondye ki te di m pou m marye avè l.

138 An menm tan, li pa t konnen, ke m t ap eseye pa marye avè l; se pa paske mwen pa t renmen l, men paske m pa t panse m te ka reponn a bezwen l. Epi l te yon bèl dam, e m jis pa t merite sa.

139 Epi li te al priye, li louvri Bib la. Epi devine...Li te di, "Seyè, mwen pa t janm fè sa anvan, men ban m yon Ekriti ki pral ede m. Si mwen oblije bliye l, mwen dwe bliye li. Li te louvri Bib la...

140 Epi li te al nan yon ti refij, pou l priye. Epi lè l te louvri Bib la, “Malachi 4. Menni, Mwen voye pwofèt Eli ba ou anvan...” Sa a te—sa te gen ven e kèk ane de sa, li pa t konnen anyen sou ministè jounen jodi a. E m pa t kab...

141 Mwen te kouche bò rivyè a la a. Epi Li te reveye—reveye m, yon swa, e mwen te tandè l kanpe bò pòt la. Li te di: “Al chache l, e maryaj ou a pral fèt venntwa oktòb la.” Epi se jis egzakteman sa m te fè. Epi nou te viv ak kè kontan. Pa gras Bondye, nou pa janm gen louvri bouch. Li te yon cheri.

142 Yon jou mwen antre. Epi li te oblije elve timoun sa
yo poukont li; m te ale nan ministè a. Pa gen anpil fanm
ki ta sipòte sa; ou konn sa, yo ta kanpe ankwa. E sa rive
ke m antre, epi li te di yon bagay oswa yon lòt. Nou te
fè Joseph dèyè a, epi li se yon... natirèlman li se yon ti
gason! Epi li te ede manman l met kèk cheve blan nan
tèt li, menm jan ak mwen. Konsa, li te vrèman tout ou ti
gason, epi li te fè yon bagay vrèman terib. Epi m te di
li... Li di m ', "Bill, ba l yon kal." Mwen te di, "Mwen jis pa
gen kè pou fè l." Ou wè?

143 Epi li di, “Se sa, e si se te ou ki te gen pou andire sa,” e li te klake pòt la nan figi m.

144 “Ebyen,” Mwen te panse, “se kòrèk. Podyab ti madanm se pa sa l te vle di.”

145 Mwen te jis sòti pou al lave machin mwen an. E kan m te soti la, Sentespri a pa t renmen sa; Li te di, “Al di manzè,” mwen kwè se 2 Kwonik, chapit 22. Mwen pa t renmen sa. M te panse, dabò, ke m te jis imajine sa. M te jis kontinye ak lavaj la. E sa te repete ankò, “Al di manzè li sa a.”

146 M te antre pou pran Bib la, epi li l. Se te kote Mo-...oswa Miryam, pwofetès la, te moke l de frè l la, Moyiz, poutèt li te marye ak yon fi Etyopyèn, e Bondye pa t renmen sa. Li te di, “Se t ap mye si papa l te krache nan figi l, ke-ke l te fè sa.”

147 Kifè, Miryam te atrape lalèp, toupatou. E konsa Arawon te vini, li te di sè li, li te di...oswa li te vin di frè li, li te di l, "Manzè ap mouri ak lalèp."

148 E konsa Moyiz te kouri entèsede pou li, sou lotèl la. Lè l te fè sa, Kolòn de Fe a te desann, Bondye. Li te di, "Al rele manzè ak Arawon, pou mennen yo isit la." Arawon te ladann, tou. Kifè Li te di, "Rele yo, pou vin isit la."

149 Li di, "Si gen youn pami nou," se Bondye kounye a k ap pale avè yo, "ki espiryèl, oswa pwofèt, Mwen Menm Seyè a M va revele Tèt Mwen a li. Mwen va pale avè l nan vizyon, epi revele Tèt Mwen a li pa sonj, epi–epi sonj ki revele, ak bagay konsa." Li di, "Men sèvitè pa M, Moyiz, pa gen pèsonn nan peyi a tankou l." Li te ajoute, "Mwen pale avè l bouch ak zòrèy." Li te di, "Nou pa t gen krentif pou Bondye?" Ou wè, Bondye pa t renmen sa.

150 Ebyen, lè m te wè sa, m te kouri antre. Manzè te nan lòt pyès la. M te frape nan pòt la. Li te fèmen tèt li anndan. M te di l ke m vle pale avè l. E m te antre la pou pale avè l, m te eseye di l sa sa te ye. M te di, "cheri, ou konn kijan mwen renmen w, men Bondye pa t renmen sa. Ou pa t dwe di sa." Imedyatman apre sa, li te atenn ak yon twoub bò kòt li.

151 Nou te pran l pou mennen l kay doktè isit la nan Louisville, kay Doktè Arthur Schoen, e li te jwenn yon timè sou ovè gòch la, ke m te dekouvri kenz oswa sèz lane anvan. "Yon timè sou ovè gòch la, apeprè grosè yon nwa."

M te di, "Sa sa vle di, doktè?"

152 Li te reponn, "Ann wè sa k ap rive. Mennen l ankò nan kèk mwa, nan apeprè de mwa oswa yon bagay konsa."

153 Nou te mennen l tounen. Sa te gwosi, de gwosè yon nwa a apeprè yon sitron. Li te di, "Se mye ke l ale a leksteryè; si sa t ap vin mou pou tounen pi mal."

154 Mwen te di, "Ebyen, o lala," m te di, "nou–nou pral Tucson. Seyè a te voye m Tucson."

155 Li te refere l bay yon espesyalis pou fanm; li pa t vle pran sa sou responsabilite pa l. Konsa li te oblije di l konsènan ministè mwen, paske li...Espesyalis pou fanm lan te di, "Sa ap soti deyò." Kifè li te di...Nou te di l ke nou ta pral–pral Tucson. Li te di, "Ebyen, m konn espesyalis ki la, yon bon zanmi m. M te deja viv nan Tucson." Li te di, "M ap voye w ba li."

156 Kidonk li te ekri yon nòt e li te voye l ba li, pou di, "Madam Branham se yon dam de byen," e sa te kontinye konsa. Li te di...Li te voye ba li imaj grandè timè a, ak bagay konsa. Lè sa li te vin yon timè; e l te di ki gwosè l te ye. Epi l te di, "Mwen konnen..." Ou wè, li te konnen ke li...M kwè li te panse, li te rele m yon "gerisè Diven." Se tou sa l te konnen nan fason pou

eksprime l. Men li te di, mwen dakò ke—ke sa ka soti vin deyò, e li ta dwe. Si yo dwe retire l, retire l soti.”

157 Men se te pou teste fwa nou. E nou t ap priye tout tan. E plis nou te priye, plis timè a te vin pi gwo, jouk li te atenn yon pwen kote l te soti deyò bò kòt li. Nou te fè silans sou sa; jis kèk moun isit la te okouran de sa; ap eseye wè kisa k ta pral rive. Sa t ap kontinye e kontinye.

Finalman, kan m te desann soti Canada, apati de kote m te kite a...

158 Seyè a te pèmèt mwen kondui tribi Endyen sa al jwenn Kris. M ap retounen al batize yo, lan non Seyè Jezi, Prentan sa, si Seyè a vle.

159 Kounye a, m te desann, e se te lè pou li pou l te ale, kan m te New York...oswa anba la pou te sibi yon lòt opera-...pou l te fè operasyon an, oswa pou yo te fè l egzamen pou yon dènye fwa. Mwen te pati al New York. E kan m te retounen, m te rete isit la, e m te monte...Aprè m te fin gen reyinyon isit la, dènye reyinyon an, m te monte la pou m te rele l apati de Frè Wood.

160 Li te reponn, “Bill, mwen pa ka menm sipòte rad mwen touche l.” Sa te soti deyò pou yon bon pati *konsa* sou bò kòt li lè sa. E janm li bò kote sa, li te jis ka trennen l, e se te semèn pi mal li te janm genyen. Li te di, “Mwen oblije ale, jou apre demen an, pou egzamen sa.”

161 M te panse, “O Bondye, si yo koupe l, sa ap anpeche nou al lakay pou Nowèl, e mwen fin di moun yo ke m ap la.” Mwen te di, “Ala yon moman! O, lala!” M te panse.

162 “Di l, si l va gen pou opere, ebyen, ‘Pouse sa pou on tijan pi lwen’ jouk apre Nowèl!”

163 Alò mwen te panse, “Sa ka vin pi mal.” E kan m te retounen *isit la*, ou konnen, se yon move bagay, ki ap fè kous li nan ren an. Si l kontinye, pou vin pi mal, l ap touye w. Kifè la mwen te panse, “Kisa m ka fè?”

Epi Meda te di, “Ebyen, se kounye a, ou rele m,” te di sa.

164 Jou m te rive Shreveport la, ki te jou apre sa, kan m te rive Shreveport, li te dwe al pase egzamen an. Kidonk li te al...Madam Norman ta pral, Sè Norman; nou tout konnen li, moun k ap vin isit la nan Tabènak la. Li ta prale avè l, pou al jwenn espesyalis sa. Kifè li te di, “Ret tann ou fin repoze w premye nwit ou, nan—nan...apre sa rele ankò.” Akoz, dekalaj la, gen dezè d tan de diferans. “Rele m apre kan w va retounen, apre rankont lan, mwen va di w kisa m ap fè.”

Epi mwen te reponn, “Dakò.” Konsa, m te kontinye.

165 Pwochen maten an, anvan m te pati, mwen ta pral chache Billy ak Loyce. Yo toulède chita la kounye a. Epi toujou...

166 Nou te gen yon vye tabourè la ke Frè Palmer te rekouvri pou nou, isit la sa pa fè lontan, nou te konn toujou mete nou toutotou tabourè sa pou priye, chak fwa nou...O, parèy a estil Ottoman yo, ou konnen, yon tabourè pou lonje pye w. Chak fwa nou te konn mete nou toutotou la pou priye, lè m te gen pou m al nan yon reyinyon, nou te konn mande Bondye pou ede nou.

167 Mwen te anwo a la, depi kèk jou, e mwen te—mwen te santi m sèl. Nan kay la; timoun yo pa t la, e manzè pa t la. Ou konnen, anpil lan nou konsyan ke m te pase atravè sa yon fwa, retounen ap viv nan yon kay vid; pou kont mwen, mwen te antere madanm sa, Hope. Epi kounye a tou sa retounen ankò. Mwen te bese desann, pou ap panse, “Ebyen, kite m priye epi apre m va al pran Billy ak Loyce, pou ale.”

168 Konsa pandan m t ap bese desann pou m priye, m te di, “Seyè, mwen sonje yo maten an, bò isit la.” Mwen te di, “mwen priye ke W va ede yo epi beni yo. Ke nou ka retounen nan plas sa ankò. Epi kounye a,” m t ap kontinye, “yo deyò a la poutèt Ou te voye m la dapre yon vizyon, e Ou te akonpli l. Kounye a mwen vle ret tann, pou wè kisa Ou pral di m pou m fè apre.” Mwen te di, “M ap priye pou...Gen pitye pou li.” E m te di, “Ede m nan reyinyon an anba la.” Apre sa m te kontinye...m te di, “Seyè, pa kite sa vin pi mal. E pèmèt ke doktè sa ret tann jouk apre jou d lan, pou retire l. Mwen—mwen jis pa renmen wè l...”

169 Mwen te di, “Seyè, se pa t fòt li pou sa l te fè jou maten sa. Li pa t vle fè sa.” Mwen te di, “Seyè, pa menm yon sèl fwa li te janm plenyen konsènan mwen menm ki pral nan reyinyon yo, pou rete dè mwa, oswa kèlkeswa tan an. Pa menm yon sèl fwa li te janm louvri bouch li konsènan sa. Li toujou voye rad mwen nan dray, epi lave chemiz mwen yo, ak tout bagay prè pou al nan reyinyon. Alò, l ap mande kijan li ka sèvi Bondye.”

170 Nou menm fanm yo, lè n ap sèvi mari nou, se Bondye n ap sèvi, natirèlman.

171 “Epi bon, epi la lè m antre, byen fatige epwize, moun ap sot tout kote. Mwen te konn met deyò kèkpa nan yon vwayaj lapèch, oswa lachas. Enben, anpil fanm t ap eklate poutèt sa. Kisa l te konn fè? Prepare rad lachas mwen yo pou m ka met deyò; pou kite m ale.” Mwen te di, “Seyè, se pa sa l te vle fè.” Epi m te di, “Yo te oblije koupe louvri l twa fwa, poutèt li te fè sezaryèn.” Epi m te di mwen... “Seyè, mwen—mwen deteste pou m ta wè l oblije fè sa ankò.”

172 E jis lè sa m te tande yon bagay nan pyès la. M te leve tèt mwen gade. E yon Vwa te di, “Leve kanpe.” Li te di, “Kounye a kèlkeswa sa w di, se konsa sa va ye.”

173 Mwen te ret tann jis yon minit. Mwen te di, "Anvan doktè a touche l, men Bondye ap retire timè a, e yo pap menm jwenn li."

174 Sa te regle, pou mwen. M pa t janm rele l. Nou te jis kontinye, m t al chache Billy ak Loyce, e nou te al Shreveport.

175 Nwit apre a m te rele l. Li te kontan. Li te di, "Bill, mwen vle di w!"

176 Bon men li, e li ka temwaye sa. Li te oblije ap bwate pou al laba a; li te antre nan pyès la ak enfimiyè a ak Madam Norman, li te abiye l pou...rad lopital la, pou fè egzamen an. Doktè a te soti, e li te ka apèn rive sou tab egzamen an; foto timè a te pandye la, tèlman gwo. E kan li...Doktè a te antre e li t ap pale avè l. Epi li te pwoche, pou leve rad la pou manyen l, e, jis anvan l te touche l, sa te pati.

177 Doktè a pa t ka jwenn ki kote l te ye. Li te di, "Tann on minit!" Ak dyagram ak tout foto, epi tout lòt bagay, li pa t ka jwenn yon tras. Li te egzamine l, ankò e ankò. Li te di, "Mwen ka pa an mezi pou eksplike sa, men, Madam Branham, timè sa pa la." E li pa t janm gen yon sèl sentòm, depi lè a.

178 Kisa sa te ye? Remake, jis egzakteman jan Sa te di a, "Anvan men doktè a te touche l." Yon fraksyon segond, men l te ka touche l. Ala pafè Pawòl Seyè a pafè!

179 Bon, men madanm mwen, e nou toulède devan Bondye. Men anvan doktè a te ka menm touche kò l, alòske li t ap vin kote l konsa, yon bagay te rive, timè a te pati. E yo pa t ka , li-li te di...mwen kwè se te sa, se pa vre, cheri? "Mwen vle rasire w, Madam Branham," (Èske se sa, fason li te di l la? Se sa.) "ke timè sa pa la. Ou pa gen ankenn timè."

180 Kisa sa te ye? Jis egzakteman dapre Pawòl Seyè a, ke te...?...Amèn. Se te senkyèm fwa a. Senk se nonb lagras, yon nonb l-a-f-w-a, tou.

181 Pa gen dout ditou nan panse m. Mwen konnen kisa Twazyèm Pull la ye, e mwen konn kisa sa fè. Kounye a bay reverans, jis rete trankil, lè a va rive byento kote Bondye pral fè kèk gwo bagay pou nou.

Bon annou bese tèt nou pou yon mo priyè.

182 Seyè Jezi, Mwen te wè l sou lòt moun, men kan se te tou pa pwòp madanm presye pa m nan, se te lakay mwen, lè sa, Seyè. Mwen t ap gade ak pwòp jye m, m te santi ak pwòp men pa m. E mwen...senk-...sèzan anvan sa, se te sa tou, Seyè, sa te koni epi revele pa Ou. Kan nenpòt bagay la te pwononse, sa dwe fèt. Ou t ap montre m, Seyè, alò, ke, konfyans mwen nan sa W te fè pou moun yo, e Ou t ap fè konnen, konsa pou m te ka ede yo. Ou te akonpli l

nan pwòp kay mwen. Se te Premye Pull la. E kounye a Twazyèm Pull la te konfime Premye Pull la.

183 Nou gen rekonesans, Papa. Padonnen nou mankman nou yo. Nou se yon ti gwoup moun. Nou pa gen enstriksyon, plis ou mwen, yon pèp analfabèt. Men nou si tèlman gen rekonesans ke nou gen yon gwo Bondye omnipotan K ap siveye e ki sousye L pou nou, paske nou pa konn kouman pou n pran swen tèt nou. Nou remèt tèt nou ba Ou.

184 Kounye a, Papa, mwen priye ke W va ede m. Nan Twazyèm Pull sa, O Seyè ke W kapab, jan W t ap pale de li pandan dènye ane sa yo, ap montre l sou...ap make l sou montay yo, ak bagay konsa, epi ap fè l monte. Kounye a, m t ap obsève pou wè kisa sa te ye jiskaske l te konplètman konfime. Kounye a m priye, Papa, ke W ede m pou m vini ak plis reverans, avèk sa, ke jan l te ye anvan, e ke W pran glwa a. Tankou, drèt sou menm chè sa, kote Premye a te pwononse a, Dezyèm lan, epi kounye a Twazyèm lan, e sa W te di a te rive egzakteman jan W te di l la. Nou kwè W, Bondye Seyè.

185 Ede nou chak pou n voye jete enkredilite nou ak sipèstisyon, pou nou ka ret kanpe nan Prezans Bondye vivan an, konsyan ke, menm Bondye ki te retire timè sa sot nan madanm mwen ki chita la kounye a menm; sa te verifye pa lasyans medikal nan pi wo nivo nou gen nan peyi a, ki te egzamine l, e apre sa te gade l, epi pran foto l; epi kounye a li te pati. Ou se Bondye e pa gen ankenn lòt ke Ou.

186 E nou renmen W paske Ou te—Ou te kite nou vin sèvitè Ou. Ke nou kapab sèvi W ak reverans, epi onè, tout jou vi nou. Akòde l, Seyè. Ke m kapab, ak fanmi m, ak tout moun sa yo, kapab vin Limyè k ap briye, sèl sale ki va cul-...kreye yon swaf nan lòt yo, pou renmen Jezi sa ki te fè si tèlman pou nou.

187 Kounye a pandan m ap louvri Pawòl la, ap li L pou yon ti tèks, e apre sa priye pou malad yo, ede m, Seyè. Pale avèk nou, epi geri malad yo, lan Non Jezi nou priye. Amèn.

188 Èske nou ta, èske m gen tan jis pou yon...? [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.] Si m depeche m vrèman vit...kèk tèks la, mwen vle nou li kounye a, oswa pran nòt, ou pe enpòt sa nou vle fè a. Premye a ou jwenn li nan Liv Nonb, 21:5 a 19, e nou vle li—li sa:

Pèp la pale Bondye ansanm ak Moyiz mal, yo leve dèyè yo, yo di konsa: Poukisa nou fè nou kite peyi Lejip la? Gen lè se pou fè nou vin mouri nan dezè sa a kote ki pa gen ni manje ni dlo. Nou bouke manje vye manje sa ki pa ka fè anyen pou nou ankò, manje Zanj wi.

Lè sa a, Seyè a voye yon bann ti sèpan sou pèp la. Kote sèpan sa yo mòde w la boule kou dife. Yo mòde pèp la. Anpil moun te mouri. Kidonk Seyè a...

Pèp la vin jwenn Moyiz, yo di l konsa:

189 Konfesyon! Obsève, “Nou peche!” Ou wè, se premye bagay pou gerizon, konfesyon dabò.

...Nou rekonèt nou fè sa ki mal lè nou pale kont Seyè a ak kont ou menm tou. Tanpri, lapriyè Seyè a pou nou pou L fè sèpan sa yo ale. Moyiz lapriyè pou pèp la vre.

Seyè a di Moyiz konsa: Fè pòtre yon sèpan parèy ak sèpan sa yo. Mete l sou yon poto byen wo. Konsa, depi yon sèpan mòde yon moun, moun lan va annik gade pòtre sèpan an, epi li p ap mouri.

Moyiz pran kwiv, li fonn li, li fè yon sèpan parèy ak sèpan yo. Lèfini, li mete l sou yon poto byen wo. Tout moun sèpan mòde, depi yo voye je yo gade sèpan an kwiv la, yo pa mouri.

190 Bon, epitou, mwen vle li yon Ekriti nan Zakari, chapit 12, vèsè 10 la.

M a fè pitit pitit David yo ak moun lavil Jerizalèm yo gen bon kè. M a fè yo konn lapriyè nan pye M. Y a leve je gade M, y a wè moun yo te pèse a. Y a nan gwo lapèn pou Li tankou moun ki pèdi yon sèl pitit li te genyen an. Y a pete rele tankou moun ki pèdi premye pitit gason yo.

191 Kounye a pou yon tèks, m ap pran sa: *Gade Nan Direksyon Jezi*. Detounen rega w sou mond lan, nan direksyon Jezi. Moyiz te fabrike sèpan an; e men pwofèt la, pi ta, ki t ap pale de sa, kisa k t ap rive, pou ap gade nan–nan direksyon Jezi.

192 Bib la di, nan Ezayi 45:22. Nou jwenn Bondye di, “Gade bò kote M, nou tout ki nan dènye bout tè a.” Bon lè tè a va rive nan bout li, oswa sistèm tè a va rive nan bout li, ke moun yo gade nan direksyon Li.

193 Bon ou ka di, “Nou te tandè sa, jenerasyon apre jenerasyon. Nou te tandè sa pandan lontan.” Se vre, e sa te preche pandan lontan. Anpil minis te konn pran menm tèks sa, dè milye nan yo.

194 Men men bagay mwen vle mande w, aswè a, pandan pwochen kèk minit sa yo. Lè w ap gade, kesyon an se—se kisa w wè lè w ap gade? Kisa w wè lè w ap gade vrèman? Sa depann sèlman de kisa w ap chache. Ou wè? Kounye a Li di, “Gade nan direksyon Mwen, nou tout ki nan dènye bout tè a.” Moyiz te leve sèpan an byen wo, e, nenpòt moun ki te gade l, te geri. Kounye a, sa depann de sa w ap chache.

195 Mwen te deja wè moun ki vin nan reyinyon yo, nan dènye jou sa, yo te ka sèlman chita nan reyinyon an pandan jis youn ou de minit. Se tou sa yo te ka sipòte. Ou wè, yo pa t ka sipòte l.

196 Mwen p ap janm bliye, m espere ke sa p ap afekte pèsonn ki soti lowa, lè m te gen reyinyon Waterloo a.

197 Frè Lee Vayle, li te isit la maten an. Mwen pa konn si l isit la aswè a ou non. Èske w la, Lee? Li te isit la maten an. Wi, dèyè a nan anrejistreman yo, dèyè la. Dakò.

198 Frè Lee avè m nou te fè tout sa nou kapab. Nou te bay asosyasyon minis yo yon ti dejene, gratis, jis pou nou te desann pale avè yo. Frè Lee Vayle, natirèlman, se yon moun enstwi epi– epi yon Doktè an Divinite, ki te vrèman merite diplòm li yo. Kifè m t ap eseye fè l pale devan Literyen, Prezbiteryen sa yo, e latriye, men li te di, “Non, yo ap atann yo a ou menm pou fè sa.”

199 Ebyen, mwen te desann epi m te pran tèks mwen, devan minis sa yo, apre yo tout te fin manje. Mwen te pran tèks mwen sa: *Mwen Pa t Dezobeyisan a Vizyon Selès La*. Apèn mwen te li Lèzekriti, apeprè de te gade, yo te pran pòt la al fè wout yo. Kidonk pandan m te kòmanse ap di, “Menm jan ak Pòl nan tan pa l, ak yon ministè biza, e la li te kanpe devan Agripa pou ap di li pa t dezobeyisan a sa,” apeprè de ou twa an plis te leve. E le tan pou m rive kote m te ka di yon bagay sou tèks la, te gen jis apeprè twa ou kat ki te chita la. Yo tout te leve al fè wout yo.

200 Rezon an, sè ke, se sa. Genyen ki vin nan yon reyinyon, lè yo tandè pale de yon evanjelis, fason li abiye gen kichòy pou wè ak moun yo. Si l pa abiye ak jan de abiman kòrèk la, genyen nan yo...

201 Mwen te tandè yon–yon sikològ di, lòt jou; se te Doktè Narramore, yon nonm de byen, yon Kretyen, pwogram li an sou K AIR la, tout tan. Li te di, “Fason pou rekonèt ke yon nonm ap pèdi tèt li, se kan l pa abiye dapre dispozisyon li.” Ou konnen, jan li dwe parèt an piblik, se te yon siy ke li t ap pèdi tèt li.

202 Ebyen, alò, mwen te fou tout vi mwen konsa, ou wè, paske mwen pote salòpèt, ak tout bagay konsa, ou wè. Kifè, abiye dapre pozisyon m, vle di mwen dwe abiye tankou yon moun klèje, nan lòt mo, pou–pou m vin yon nonm klèje.

203 M pa kwè Jezi te konn abiye tankou moun klèje yo. Li te konn abiye tankou yon nonm òdinè. Li te konn ale pami lèzòm, e pa t gen anyen konsènan abiman.

204 Men sa se jis, ou wè, fason ide lòm. Sa pa t...Sa k t ap rive si nonm sa, oswa, m ap mande kisa doktè a ta ka panse de sa, kan yo te òdone yon pwofèt nan Bib la pou dezabiye l epi mache toutouni devan moun yo? Li t ap vrèman vire fou, èske l pa t ap sa la? Men Bondye te di l fè sa.

205 Yon lòt te dwe lonje sou yon bò pandan twasan karant mwa, mwen kwè se te sa, lonje sou yon bò, yon kote; e apre sa tounen sou lòt kote a. Epi ap manje yon po lantiy ke l te kwit la; li te dwe al chache bagay sa pou prepare l, ansanm, epi manje sa tout tan; etann li pou pran yon ponyen epi manje, pandan l lonje sou yon bò, kòm yon siy. Ou wè?

206 O, ala lwen moun yo ka ale, vrèman, pou elwaye yo de Pawòl Bondye a. Yo jis vin sitèlman enstwi jouk yo enstwi tèt yo pou elwaye yo de Bondye. Kan yon nonm ap pale konsènan jan l enstwi, mwen jis konsyan jan li lwen de Bondye; ou wè, ak yon diplòm doktè. M p ap di sa kont Doktè Vayle, paske li pa nan kategori sa. Men, abityèlman, kan yon nonm gen yon diplòm doktè, sa jis vle di, pou mwen, li osi lwen de Bondye, ou wè, sòf si l ka akwoche l a Pawòl la epi a Bondye.

207 Kounye a, nou jwenn ke genyen ki vini pou tande fason w pale, lè yo vin gade. Ou pale konsènan gerizon Divin ak Seyè a; si yon nonm pa tipik, yon jeni enstwi, moun yo jis paka sipòte tande l ap itilize dè mo tankou "his'n, hain't, epi-epi dè mo tankou...Yo jis...Yo pa kapab. Yo panse ke se byen lwen Bondye.

208 Poutan kan Jezi te konn pale se te yon tèl langaj senp, jiska, jodi a, sa mete pwofesè nan konfizyon, poutèt y ap eseye entèprete l dapre bagay akademik ak langaj jou sa, alòske se te langaj lari. Kidonk...

209 Enben, gen sitèlman diferans menm isi a nan Etazini pa nou an! Mwen te rele apati de Florid, pou New York, e m te oblije jwenn yon dam bò isi a, tou, nan St Louis, pou tradui ant jenn fi Sid sa e jenn fi Nò a. Se jouk nan pwèn sa te gen yon diferans. Ou wè? Sètènman.

210 Bon bagay la konsènan sa se, moun sa yo ap chache bagay sa yo, fason yo pale, olye de Pawòl la. Pawòl la ki manifeste se evidans ke Se kòrèk. Ou wè, Pawòl la ki manifeste! Yo p ap janm gade Sa. Ou oblije gen yon konsepsyon entèlektyèl, pou konnen, ale nan semènè epi aprann kijan pou bese tèt ou, kijan pou kanpe nan yon pozisyon, ak tou sa. O, sa t ap toufe yon minis, amò, ki te vrèman ranpli ak Sentespri a. Ou wè? Kounye a, sa se entèlektyèl.

211 E se fason ke tout nasyon sa vin ye. Li gen yon konsepsyon entèlektyèl de Kris. Se sa ke y ap chache. "E si Kris nan ou, ou dwe vin yon save, ou dwe vin yon entèlektyèl," paske se sa yo panse ke Kris ye.

212 Epi yon lòt fwa, men yon lòt bagay, yo fòme pwòp opinyon yo sou sa Li ta dwe ye, pwòp ide pa yo, olye pou pran sa Pawòl la di. Se fason sa lè y ap gade, epi menm wè Jezi Li Menm, yo echwe pou rekonèt Li. Yo te fè l jou Pannkot la. Yo te fè l lè Li te fè l chè a. Yo te fè l lè Li te nan manjwa a. Yo te fè l lè Li te nan lari Jerizalèm. Yo te fè l lè Li te sou kwa a. E Li te akonplisman Pawòl sa. Poutan, yo te wè Mesi a t ap desann nan koridò Syèl la, ak tout lòt bagay, e yo te gen tò, paske se te konsepsyon entèlektyèl pa yo. Yo te echwe wè L, alòske, yo t ap gade L drèt la. Menm bagay la jodi a!

213 Kisa w wè lè w ap gade? Genyen k ap gade pou wè, lè y ap gade L, y ap gade pou jwenn yon gran fondatè entèlektyèl legliz, yon moun ki ka vrèman pwodui yon kredo ki va chame tout moun yo, yon lòt bagay konsa. Se sa y ap gade lè yo wè L.

214 Genyen k ap gade pou jwenn yon mit, tankou Pè Nowèl, lè y ap gade. Yo li Bib la, pou di, "A, sa se yon mit. Se jis yon bagay ke lòm te ekri. Se poutèt sa, yo, paske lè yo..." Opinyon ou fè w de Bib la, se sa w va retire de Li. Ou wè?

215 Genyen k ap gade pou wè yon ti bebe. Genyen k ap gade pou wè yon–yon lapen oswa yon Pè Nowèl. Genyen k ap gade pou wè yon liv istwa ki te pou yè e pa pou jodi a.

Men, kesyon an se, kisa w wè lè w ap gade?

216 Gen tèlman lan nou, ki pretann gen Sentespri a, k ap gade pou wè dezyèm pèsòn nan trinite. Alòske, sa pa menm mansyone nan Bib la. Bagay konsa pa egziste. Mo trinite a pa menm sou kouvèti Bib la. Men, poutan, lè w gade Jezi, ou konsidere L kòm twazyèm pèsòn oswa dezyèm pèsòn nan trinite, e se poutèt rezon sa ou p ap fè pwogrè.

217 Ou konn kisa L di? "Mwen se Bondye, e pa gen ankenn lòt apa Mwen." Ou wè?

218 Sa depann de sa w ap gade a. Si w vle plase yon ti maskòt, yon vye tonton ak bab, ak bagay konsa; si se fason sa w ap gade Jezi kòm etan yon moun diferan de Bondye, w ap mal gade. Ou p ap wè L.

219 Pa gen lontan de sa, mwen te gen yon pè longvu. Mwen t ap eseye obsève kèk antilòp, oswa yon antilòp nan yon chan teren. Epi pitit gason m nan t ap eseye montre m, men li yon ti jan jèn. Se konsa, li di, "Pran longvu yo, papa! Gen yon antilòp ki kanpe la, jis deyò a!"

Mwen te di, "Mwen ka wè l ak je natirèl mwen."

Li te di, "Pran longvu a."

220 Lè m gade, mwen te wè anviwon dis antilòp, paske longvu yo pa t byen ajiste. Men, lè m te ajiste yo, tout dis yo te vin youn.

221 Epi si w konsantre lespri w sou Pawòl Bondye a, tou lè twa yo ap vin Youn. Ou wè? Men, linèt eklezyastik ou yo pèdi fokis lè w eseye fè L vin twa. Li se youn. Ou wè?

222 Men, sa depann de kisa w ap gade. Kisa ou wè lè w ap gade? Sonje byen, ou ka wè l sèlman pandan w ap gade l atravè Pawòl la. Ou pa ka gade L atravè yon liv. Ou pa ka menm gade L atravè yon kredo. Ou pral wè de oswa twa dye, epi tout lòt bagay, nan kredo yo. Men, gade L atravè Pawòl la, epi ou va wè ke Li se "Emanyèl, 'Bondye ki te fè L chè pami nou." Li te di, "Mwen se Bondye, e pa gen okenn lòt apa Mwen Menm." Li se Bondye.

223 Pwofèt la, Ezayi te gade yon sèl fwa, e lè li te wè Jezi... sijè mwen an se, "gade Jezi". *Gade Nan Direksyon Jezi*. Lè Ezayi te gade lwen monn nan, pou l te wè Li, li te di, "Mwen wè yon Konseye, yon Prens Lapè, Bondye Pwisan an, Pè Etènèl la." Se sa Ezayi te vire pou l wè.

224 Danyèl, yon fwa, te kanpe lè li te wè—fen wayòm nasyon yo. Li wè estati Nèbikadneza te reve a. Li te wè kijan youn ta pral ranplase lòt, pandan yo t ap defile. Lè l te gade pou wè tout sa k t a pral rive nan fen an, lè li te wè Jezi, Li te wè "yon wòch ki te detaye soti nan mòn lan, san èd ankenn men," ki te kraze wayòm moun lòt nasyon yo.

225 Nèbikadneza te jete twa timoun ebre nan gwo founo dife a, ki te kwè nan Bondye e ki te kanpe sou Pawòl Li. Menmsi yo te oblije mouri pou Li, yo ta pral kenbe pozisyon yo, kanmenm; jis yon ti bagay, koube jenou yo nan yon lòt direksyon. Men, lè li te vire gade, li te wè Jezi, Li se te "katriyèm òm lan" ki te nan gwo founo dife a, e li te elwaye tout chalè sou sèvitè obeyisan Li yo. Se sa Nèbikadneza te wè.

226 Ezekyèl te vire gade pou wè Li yon jou, e Li te "yon Wou nan mitan wou a," byen lwen anwo anlè a. Li te Nwayo volan an, kote chak reyon yo tache. Amèn! Gwo wou a ap vire pa lafwa, men ti wou a ap vire pa Pouwa Seyè a. Se sa Ezekyèl te wè lè li te vire gade.

227 Yon jou, Jan Batis te vire gade, epi, lè li te fè sa, li te wè yon Kolonb; epi yon Vwa, ki di, "Sa a se Pitit Gason Byennene M, nan Li mwen pran plezi abite." Se sa li te wè. Lè sa a, li wè Jezi ak Bondye se menm Moun nan, paske Lespri a desann sot nan Syèl la tankou yon Kolonb, li di: "Sa a se Pitit Gason byenneme mwen an nan Li mwen pran plezi abite." Se sa li te wè. Remake, li idantifye Tèt Li nan fason sa a.

228 Noye, lè li te vire gade pou l wè Li, Noye te wè jijman onorab Bondye yo te vini sou yon pèp nan monn sa a ki te rejte Pawòl Li a. Se sa Noye te di lè l te vire gade.

229 Moyiz, lè l te vire gade, li te wè yon ti touf bwa ki t ap boule. Yon Kolòn Dife te ramne Tèt Li tounen nan yon ti touf bwa, epi, lè Moyiz te pwoche bò kote Li, Li te di, "Retire soulye w, paske, 'Mwen SE.'" Kounye a, si w ta peze mo sa a, "MWEN SE," li nan tan pase, tan prezan,

ak tan fiti. "Mwen se," Etènè! Ou wè? "Mwen SE," li te wè "Mwen Se." Se sa li te wè nan ti touf bwa ki t ap boule a.

230 Pèp Izrayèl la te gade sèpan eren Moyiz te fè a, epi li te wè soufrans Kris la pou jijman pou malad yo, paske nou konnen ke sèpan an te pale de Ekspyasyon an.

231 Jezi te Ekspyasyon sa a. "Menm jan Moyiz te leve sèpan eren an nan dezè a, se konsa Fis de Lòm lan dwe elve tou," pou menm objektif la tou. Ou wè? Poukisa? Yo te peche, yo te malad; sa se te pou wete peche yo ak maladi yo. Epi se sa ki, "Jezi te blese pou peche nou yo; akoz blesi li yo nou te geri." Wete gerizon Divin nan Kris, ou koupe mwaye Ekspyasyon an de mwaye, an de. Ou wè?

232 Kisa ou wè nan Li lè w gade? Ou wè sa? Èske ou wè sa, "Li te blese pou peche nou yo; ak blesi Li yo nou te geri"? Lè w vire gade, èske w ka wè sa, oswa ou ka jis wè yon bò nan Ekspyasyon an? Èske ou ka wè tou de bò li lè w gade?

Si w gade I atravè kredo, y ap di w: "Jou gerizon yo pase."

Men, si w gade I atravè Pawòl la, w ap wè, "Li se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan." Ou wè?

233 Disip yo te gade Li lè yo te nan yon lanmè ajite, epi yo te wè sèl èd ki ta ka ede yo a ap pwoche.

234 Mat te gade Li nan moman lanmò a, e li wè Li se te "rezirèksyon an ak lavi a". Amèn! Nan tan lanmò, Mat te wè Li, lè li te gade Li... Pèp Li te rejte L; Yo te refize L, Mat te voye chache L, men Li pa t vin jwenn frè li a. Kidonk, lè finalman Li te vini, epi Mat te ale epi tonbe atè pou I te ka gade Li, Mat te dekouvri ke li te alafwa "Rezirèksyon ak lavi." Amèn!

235 Jayiris te fè menm bagay la, yon kwayan sekre; yon ti Presbityen, Metodis, Batis, ki reyèlman kwè, men li pa t kapab avwe sa, Anplis denominasyon li pa ta p kite I, paske li ta pral ekskominye I. Men, sèl ti pitit fi li a te kouche sou bò lanmò, kidonk li te oblije ale. Men, lè li te jwenn Li, li te dekouvri ke Li te rezirèksyon ak lavi.

236 Lè I te voye chache L, yon komisyonè te vini, epi li te di: "Pa deranje Mèt la, paske tifi a deja mouri." Li...Epi ti kè I te prèske fin bat.

237 Men, li di: "Èske M pa t di: 'Si w kwè sèlman, w ap wè Glwa Bondye?'" Jayiris te dekouvri ke Li te kapab resisite mò yo, lè li te gade Jezi.

238 Moun ki te grangou yo te gade Li, yo te jwenn manje ki bay lavi a. Sa se te natirèl. Moun ki grangou, espiryèl yo, ka gade Li epi li se Pen Lavi a.

239 Vòlè ki t ap mouri a te gade pou l wè sa l te kapab wè, epi li te jwenn, nan Jezi, padon li. "Sonje m, Seyè, lè Ou antre nan Wayòm Ou an." Jezi te di: "Jodi a w ap avèk Mwen nan paradi a." Se sa li te wè nan lè lanmò li a.

240 Malad yo gade Li, yo wè Gerisè a. Avèg la gade, epi li te kapab wè.

Sa depann de sa w ap gade kounye a. Kisa ou gade?

241 Pyè ak Natanayèl te gade, yo wè Pawòl pwomès pwofèt yo a, Moyiz, te manifeste. "Seyè a, Bondye nou an, pral leve Yon pwofèt ki sanble avè m, e pèp la ap rete kole avè l. Epi tout moun ki pa kwè nan li, epi ki tandè pwofèt sa a, pral disparèt nan mitan pèp la."

242 Epi lè Pyè te monte nan prezans li, Jezi te di: "Yo rele w Simon, e ou se pitit Jonas." Li te konnen menm lè sa a, lè li te gade premye fwa nan direksyon Jezi, ke se te akonplisman de sa Pawòl Bondye a te di ki ta pral fèt. Amèn.

243 M ap mande si w te jwenn menm bagay la lè w t ap gade l premye fwa a? Mwen mande si Pawòl Bondye te pwomèt la manifeste Tèt Li pou lè ou gade Li?

244 Natanyèl, osi vit ke li te vini nan Prezans Jezi, yon ti kras gen dout... Nou konnen Filip te ale epi li te di l: "Vini non, Gade ki moun nou jwenn."

Epi Natanyèl vini, li di: "Kiyès Li ye?"

Li te di: "Petèt se moun ki anwo yo k ap priye pou malad yo."

245 Li fè wout li jouk li rive gade Li. E lè li te gade Jezi, li te di: "men yon Izrayelit ki pa gen ruz."

Li te di: Mèt, ki lè ou te janm konnen mwen?

246 Li te di: "Avan Filip te rele w, lè w te anba pye bwa a, mwen te wè ou."

247 Lè sa a, kisa Natanyèl te jwenn? Li te jwenn ke se te Wa pèp Izrayèl la. Li te di: "Ou se Pitit Bondye a. Ou se Wa Izrayèl la." Se sa li te wè lè li te gade. Li te resevwa entèpretasyon Pawòl la, te manifeste devan li. Li te wè Li, menm Ekriti ke pwofèt Moyiz te di a, "L ap yon Pwofèt menm jan avè m."

248 Fanm nan pwi a, li te gade yon fwa, e kisa li te wè? Li te eksprime sa nan vil la. Li te di: "Vini, wè yon nonm ki te di mwen bagay mwen te fè yo. Èske se pa Mesi a menm?" Lè li pran premye gade li sou Jezikri, li te wè Mesi a.

249 Moun ka gade menm bagay la jodi a, epi rele Li "telepati mantal;" Yo pral rele li "espiritualis." Yo pral rele li nenpòt kalite non dyab yo ka rele l, paske yo pa konnen kisa yo ye k ap chèche. Amèn. Yo pa konprann. Yo ap chèche pou yon kredo. Y ap chèche yon jeni pou mete legliz la nan lòd. Y ap chèche pou plis manb, epi yo pa wè Senyè Jezikri beni a idantifye nan Pawòl Li. Egzak.

250 Sa depann de sa w ap chèche. Si w ap chèche akonplisman yon pwomès jodi a, ou pral wè li. Men, si w ap chèche pou kèk entelekyèl, oswa yon bagay ke yo te toujou chache, kèk gwo fondatè, kèk istòryen, kèk lòt moun, kèk lòt bagay, ou pral fayi wè Li. Men, lè w gade L atravè Pawòl la, Pawòl la deklare Ki moun Li ye.

251 Li te defye moun nan epòk Li a pou yo fè menm bagay la. Yo pa t kapab wè Li. Li di: "Ou menm, chèf avèg yo. Ou deklare Moyiz kòm pwofèt ou. Si ou te konnen Moyiz, ou ta konnen Mwen tou. Moyiz te ekri sou Mwen." Men yo te twò avèg pou yo wè Li. Gade dirèk nan Li, poutan twò avèg pou wè Li.

252 M ap swiv "ekla" sa a, maten an, pou kèk minit, ou wè. Y ap chèche, epi yo pa konnen sa yo ap chèche a, paske yo te gen yon move konsepsyon de sa yo ap eseye jwenn nan. Kijan w ta konnen sa ou te vle jwenn nan, si ou pa t konnen sa w t ap chache a.

253 Kijan ou ta ka ale chase pou yon joumou, san ke ou pa t janm wè youn epi w pa janm tandè pale de youn? Kijan ou ta ka jwenn yon melon? si ou pa janm konnen te gen yon bagay konsa, epi a kisa li te sanble? Poukisa, ou te kapab jwenn yon kivèt, epi panse ke l se yon melon. Ou te kapab jwenn yon lòt bagay, ou ta ka jwenn yon blòk, epi panse li se yon melon.

254 Men, ou dwe konnen sa w ap chèche a. E sèl fason ke ou pral janm konnen ki kote w prale, kisa w ap chèche; si w ap chèche Jezi, w ap gade nan Pawòl la, paske Li se Pawòl la. "Se yo ki temwaye de Mwen. Konsilte ekriti yo."

255 "Ou deklare ou se...se kwayan pwofèt yo, men ou soti nan papa w dyab la. Zansèt ou yo, ki pwoklame; lè Bondye voye pwofèt yo ba yo, li mete yo nan tonm. Yo—yo touye pwofèt yo. Chak moun ki vini," Jezi te di, "kiyès nan yo ke papa ou pa t lapide? Epi w ap fè travay papa w yo." Amèn! Moun ki jis, moun ki sen, yon nonm ke ou pa t kapab pwente dwèt sou li, epoutan, li rele yo "sèpan ak dyab". Ou wè?

256 Kisa w ap chache? Si w ap chèche pou kèk moun relijye? Gen kèk moun ki panse ke paske Sentespri a te travay atravè w, ou ta dwe yon moun rafine, relijye, mache alantou epi pa menm ... Sa se pa Sentespri an. Bondye pa fè fas ak zanj konsa, oswa sipoze zanj. Bondye aji atravè lèzòm. Bib la te di, "Eli te yon nonm ki te sibi pasyon menm jan nou ye a," men ou pa t kapab avè l jiskaske ou wè Jezi.

257 Pyè ak Jan, bò pòtay yo rele LaBèl la. E lè yo te monte laba a pou geri nonm sa a, "Yo te rekonèt ke yo te inyoran, analfabèt, men yo te konnen tou ke yo te avèk Jezi," ou wè, paske lavi L t ap reflekte atravè yo.

Kounye a, sa depann de sa w ap chèche.

258 Fi a te li Bib la. Li te konnen te gen yon Mesi ki t ap vini, e li te konnen sa Mesi sa a t ap fè. E osi vit ke Jezi te di li: "Pote ban M bwè."

Li te di, "Se pa nòmal." Li se jis yon nonm òdinè.

259 Kounye a, si Li te chita la ak yon gwo gwo turban sou li, epi tout kalite orneman sou li, de- de kèk moun ki sen, poukisa, fanm la te ka di, "Oke, men yon prèt," epi li kontinye. Oswa, "Men yon sòt de raben," epi kontinye.

260 Predikatè, elatriye; Mwen wè yon nonm ki vin manje jodi a, menm kote mwen te ale manje a. E mesye sa a antre, li—li te gen ase kwa ak bagay sou li; se yon bon bagay pafwa ke mesye sa yo gen sa. Mwen panse ke ou ta dwe mennen yon vi. Ou pa bezwen gen anpil rad klèje, pou pwouve sa ou ye. Pafwa yo bwè, epi dejenere, epi fimen sigarèt, ak tout bagay, yo oblije mete rad klèje pou ou menm konnen si yo se yon minis oswa oubyen non. Se vre.

261 Mwen di nou, rad klèje pou yon moun mete se batèm Sentespri a. Sa pral idantifye ou kòm etan avèk Jezi! Se vre.

262 Kounye a, nou jwenn, sa depann de sa w ap chèche a. Yon moun byen abiye, byen swanye, kèk jan de turban; ou p ap janm wè li, paske li te jis yon nonm òdinè. Bondye aji ak moun. Jezi te yon nonm; Bondye te nan lòm, e li te Bondye.

263 Kounye a, nou jwenn ke fanm sa a, lè li te wè siy misterye sa, ke Li te kapab di li sa li te fè ki te mal, oswa kisa ki te nan kè l, li te konnen nan moman sa a se te Mesi a. Se konsa, lè li gade Jezi, li te wè Mesi a.

264 Mesi a, ki zèv Mesi a te fè? Ta pral konnen sekre kè a. Èske nou te byen sezi sa? M ap mande si ou pral konprann. Si w ta chèche l, aswè a, kisa w t ap chèche? Li ta menm bagay la tou. Mesi a se Pawòl la, Pawòl la! Epi Bib la te di, an Ebre 4yèm chapit la, ke, "Pawòl Bondye a pi rapid, pi pwisan pase yon epe de bò, li menm koupe zo, epi disène panse ki nan kè."

265 Epi lè li te konnen Mesi a te dwe vin Pawòl manifeste, epi te kapab di l ki pwoblèm li te genyen, li te konnen se te Mesi a. Se pa jan li te abiye, pa ki kantite edikasyon li te genyen; men, gras a siy Li te montre li a, Li te Mesi a. Lè li te wè Jezi, li te wè Mesi a; Bondye nan yon moun, jan yo te pwomèt pou sa laj wen.

266 Men, ou konnen kisa? Anpil, nan menm gwoup laj ke mwen te pale de, M pa janm wè bagay sa a. Anpil nan yo pa t wè li. Menm jodi a. Anpil moun pa t rekonèt Moyiz. Anpil moun pa t rekonèt Eli. Anpil pa t rek-...Yo pa janm rekonèt yo jiskaske yo ale, Lè sa a, yo rekonèt li.

267 Nan epòk Noye a, enkwayan an te wè sèlman sa ki te fè enkwayan la gade? Mwen te di ou sa kwayan an te wè, kounye a ann wè sa moun ki pa kwayan yo te wè. Nan epòk Noye a, kisa moun ki pa t kwayan yo te wè? Vire tounen laba a lè yo te gade? Yo te wè “yon fanatik ki t ap fè erè sou yon swadizan bato.” Se tout sa yo te wè. “Kèk vye granmoun fou ki gen yon vye moustach blan, ki te pèdi tèt li, ak, kont rechèch syantifik ak prèv, te di, ‘Gen dlo anlè a.’ Ebyen, pòv vye mesye a!” Yo te gen pitye pou li. "Pase l ; li, yo pral deklare li fou byento. Li pèdi tèt li."

268 Men, li te gen Pawòl Senyè a. Li t ap bati lwen, sou li, epi Bondye te fè prèv ki montre inondasyon an t ap vini. Se te yon siy pou yo. Moun ki pa t kwè istwa Noye a te ale nan fènwa, epi li te fini nan lanmò, nan dlo a, ak yon tonm nan lanfè.

269 Farawon, li gade yon sèl fwa. Kisa li te wè, kisa Farawon te wè? Li te wè “yon fanatik, yon swadizan pwofèt, ak anpil swadizan delivrans.” Se tout sa li te wè; yon travayè labou, yon esklav debou nan mitan pèp la, li te di Bondye te voye l pou l akonpli mirak. Poukisa, yo te panse mesye a pèdi... Yo te di, “Ale, kite l debat kesyon an. Li pral...Yo pral deklare l fou,' apre yon ti tan."

270 Men, li te gen ENSI DI SEYÈ A. Kwayan yo, Arawon, Jozye ak anpil nan yo te wè Bondye nan Moyiz. Ak zèv Bondye, Moyiz te fè, se rezon ki fè yo te konnen Bondye te nan li. Yo gade, epi wè Bondye nan Moyiz.

271 Nonm rich la te gade e li te wè egzakteman ki moun Li ye. Ou wè? Men li refize suiv li, paske li te trò renmen bagay ki sou latè yo, pou swiv Jezi.

272 Konbyen nonm rich ki pral koute band sa a, nan kategori sa a! Li pa toujou oblije rich ak lajan; non, ou ka rich ak anvi, rich ak plezi nan lavi sa a. Konbyen gason, konbyen jèn fi, e kijan anpil jèn ti gason, pral vann popilarite yo pou kèk larenn sèks, oswa kèk Ricky ak yon banjo oswa yon gita, ale deyò epi amize kèk rock-and-roll, oswa kèk dans ke li kapab fè! Konbyen nan yo pral reklame richès yo ak popilarite, epi refize, lè yo chita dwat nan reyinyon yo epi gade men Bondye deplase epi deklare Pawòl Li! Konbyen moun ki pral fè li!

273 Li te chwazi denominasyon li. Li te kapab viv pa li. “Jezi te yon fanatik,” pou denominasyon li. Se konsa, li te oblije swa pran sa Jezi te di, oswa li te oblije pran ...

274 Poukisa li pa t al jwenn prèt li a, epi li pa t di: "Kisa m ka fè pou m genyen Lavi etènèl?" Li te konnen prèt yo pa t konnen anyen sou Li. Se konsa, li pwoche bò kote Jezi, li di: "Kisa mwen ka fè?"

275 Jezi te di, "Obeyi kòmandman yo." Jete li retounen dirèk nan janm li.

Li te di, "Mwen te fè sa."

276 Li te di: "Obeyi kòmandman yo." Lè sa a, li toujou pa t gen Lavi Etènèl, epi li te konnen li pa t konsa. Ou ka kenbe tout kòmandman, poutan ou poko gen Lavi Etènèl.

277 Se konsa, Jezi te di: "Kounye a, si w vle fè sa ki byen an, ale vann sa w te posede, epi bay pòv yo li. Vini, suiv mwen."

278 Men, sa te twòp pou li. Ou wè? Nou jwenn ke li te gade epi te wè ki moun li ye, men li te refize pran li. Answit pwoche rega l te nan lanfè, voye je l anlè epi wè Laza sou pwatrin Abraram.

279 Pilat te gade, yon fwa, lè yo te mennen L. Li pa t janm wè Li anvan. Men L te mare; san ap koule soti nan do l; yon kouwòn pikan sou tèt li. Pilat te gade, li te konvenki.

280 Paske, yon chwal vini ap galope nan lari a, epi yon kavalye sote desann, epi kouri , li di: "Men li, madanm nan voye ou yon lèt."

281 Epi li te gade l, epi madanm li te di: "Pilat, mari byenneme m, pa enplike w nan zafè Nonm jis sa, paske jodi a mwen te soufri anpil bagay nan yon rèv akòz Li Menm."

282 Li te tranble. Jenou li frape ansanm. Epi li te di: "Si ou se Pitit Bondye a, si ou se Wa a, poukisa Ou pa pale? Èske W se Wa pèp Izrayèl la?"

Li di: "Ou te di li."

Li te di: "Di nou laverite."

283 Li te di, "Mwen te fèt nan objektif la." Epi Pilat te sezi. Li...

284 Tout moun t ap mande charite epi kriye nan pye l. Li te di, "Mwen genyen pouvwa pou touye Ou, oswa mwen gen pouvwa pou lage Ou."

285 Li te di: "Ou pa gen pouvwa pou anyen, si se pa Papa mwen ki ba ou l." Ouf!

286 Mesye, li te konvenki ke Se te plis pase yon nonm. Li te byen konvenki ke Li te plis pase yon nonm. Sètènman, Li te sa. Men (kisa?) politik li ak popilarite li te twò gwo. Ou wè, li te

rejte I. Popilarite li te twò gwo. Politik yo, pozisyon li nan lavi, te twò gwo, pou aksepte fanatik sa a.

287 Mande konbyen Pilat ki pral koute sa a, ke pozisyon w nan kèk denominasyon pral twò gwo, pou aksepte Seyè Jezi reyèl sa kanpe nan pozisyon Li ye jodi a.

Sòlda women an, sou kwa a, te vire gade Jezi.

288 Apre tè a te gen yon depresyon nèvez, souke jouk wòch yo tòde soti nan mòn yo. Apre sa, solèy la kouche nan mitan jou a, li te fè nwa. Zetwal yo pa t soti pou bay limyè yo. Epi tè a te eklate ak wòch epi yon tranbleman tè. Epi zigzag zèklè a te baleye syèl la; epi li te dechire rido tanp lan soti anwo rive anba a. Epi, moun yo t ap kouri epi kriye, yo pa t konnen sa ki te pase.

289 Epi sòlda women sa a ki te ede kloure L laba a,ki te anfonse epe a nan kè L, answit, li te gade, men li te twò ta. Li te gade e li te kwè, men li te twò ta pou l te kwè. Sa li te fè a te sele desten li; li te plante lans la nan kè Sovè a. Li te twò ta.

290 Mwen mande m konbyen Women jodia fè menm bagay la, epi pral fè menm bagay la. Petèt ke ou pral gade, yon jou, men petèt ke lap twò ta. Anpil moun jodia pral vini jou sa a e yap menm jan an. Yo te konnen.

291 Frè Wood isi a; yè. Mwen di sa a jis paske li nan Mesaj sa a. Isit la nan konpayi Slider a, on Katolik Women te chita la a. Li te al chache beton pou legliz la isi a, epi, lè l te fè sa, li di l poukisa li te vle l. Epi Katolik Women an di l: “Èske se Frè Branham?”

“Wi.”

292 Li di: “Map di yon bagay; lè li lapriyè, Bondye reponn.” Wè?

293 Mwen mande m alò, piske yo konnen, ke yo wè konfimasyon ke se vrèman Levanjil la, se pa mwen; tout òm ki reprezante Kris. Se de Pawòl la ke nap pale, pa dèzòm.

294 Kisa map eseye di? Men li: se ke, yo wè Pawòl la klèman konfime, tankou Pilat ak lòt yo te wè l, tankou sòlda Women an, men èske nap tann li twò ta pou fè yon bagay? Pito l te itilize lans la nan lòt sans la. Pòt yo pral fèmen, menm jan ak epòk Noe, e alò lap twò ta. Nou ka leve yon maten , epi di: “Mwen vle soti nan dezòd sa a.” Pa tann twò lontan. Pito w gade epi viv kounye a.

295 Luther te vire do bay denominasyon Katolik la. Kisa l te wè? On Kolòn Dife. Li te wè yon legliz endepandan.

296 Wesley te vire do bay denominasyon Anglikan la. Li te wè menm bagay la.

297 Pannkòt la te vire do bay tout denominasyon yo. E kisa l vin? On gwo pèp pwisan.

298 Kisa yo chak te fè? Lè fondatè yo, Luther, epi Wesley, e lòt yo, lè yo te vire do yo epi yo te wè sa yo te fè, yo te swiv an premye; pitit yo, ki tap mache apre yo, yo te gade dèyè, kote yo te soti, soti nan mitan denominasyon, epi yo mennen tounen gwoup moun sa yo nan dezòd kote yo te soti.

299 Kisa wap gade? Fondatè yo sanble gen rezon. Men pèp la, kap swiv yo, yo te gade dèyè a kote fondatè yo te soti, epi yo fè egzakteman sa fondatè yo te kont; sa ki te wen de Bondye.

300 Nou konnen, mwen dwe fè vit, paske m gon liy priyè kap vini, e m konnen ke gen anpil nan nou ki dwe vwayaje.

301 On jou mwen fè yon gade. Mwen wè Pawòl la ki fèt chè. Mwen wè Alfa a e Omega. Mwen pa janm wè okenn twa, kat, ou senk; mwen wè Youn. Mwen wè L antan ke Sovè. Mwen wè L, Pawòl la. Mwen wè L, Limyè a. Mwen wè L, Dye tou Pwisan. Mwen wè Bondye nan Li. Mwen wè Kolòn Dife a. Mwen wè, nan Li, egzakteman sa Bib la di L te ye. Mwen wè ke L te Alfa a e Omega, ke Li te Kolòn Dife a. Li te menm lan ayè, jodia, e pou toutan. Mwen wè ke Kolòn Dife a tap di Jan: "Prezans Li enfayib." Jan li di, la a, nan Jan: "E Prezans enfayib Li pap janm kite w." Frè, opinyon m aswè a, chante chanson sa a:

Gade epi viv, frè m, viv!

Gade Jezi kounye a epi viv;

Paske li ekri nan Pawòl Li, alelouya!

Se jis ke ou gade epi viv."

302 Gade! Kisa w wè? Èske w wè delivrans? Èske w wè sa Li ye? Gade nan Pawòl la epi wè sa L te ye, apres a gade nan menm Pawòl la epi wè Li menm lan jodia ke jan L te ye a. Li se antitip sèpan an kwiv nan dezè a, pou menm kòz la, peche ak maladi.

303 Jida te fè yon gade, yon jou. Epi lè l te gade, aprè ke l te vrèman gade L...Li te jis gade trezò a, anvan sa, kès lajan an ke l te genyen. Men on jou lè l gade e l wè Jezi, ou konn sa l wè? Li wè ke l te koupab. Li wè ke li pat merite viv, epi li pann tèt li.

304 On maten, youn nan pi bèl maten nan listwa. Pou m fini, map di sa. Gon bagay kap pase nan Jerizalèm, toudenkou on bann sòlda desann nan-nan prizon an. M ka tandè bri chèn yo-yo; tandè bri lans la ke yap trennen nan lari a.

305 Kiyès ki lòt bò a? Barabas. Li pare pou l mouri. Li son vòlè. Li pa bon menm. Li son brigand. Li son asasen. Li pral mouri.

306 Toutakou, li di: “Ebyen, tout bagay fini pou mwen. Yo pral egzekite m maten an.”

307 Toutakou, gadyen an louvri pòt la: “Soti, Barabas.”

Li soti epi li di: “Ebyen, m panse ke se la fen.”

Li di: “Barabas, ou absoliman lib.”

“Kisa? Mwen kisa? Mwen...”

“Absoliman lib! Ou lib,” mwen di.

Li di: “Kijan m ka fè lib?”

308 Li di: “Ebyen, vin isit, Barabas, gade anlè a la a. Ou wè Moun sa a kap mouri anlè a la a? Li pran plas ou.”

309 M mande m si nou tout, aswè a, te ka gade e wè sa Barabas te wè, on moun ki pran plas nou? “Li te blese pou transgresyon nou, kraze brize pou peche nou yo. Chatiman lapè nou te tonbe sou Li; e avèk tout kou Li te resevwa yo,” Mwen te geri, ou te geri. M mande m si nou, sa ki koupab yo, ki ta dwe malad, ka wè nan Li delivrans nou? Ou menm ki ta dwe ale nan lanfè; wè nan Libète w, pasaj ou pou Syèl la. M mande m si nou ka wè sa Barabas te wè jou sa a?

310 Li di: “Anvan lontan ankò, lemonn pap wè M, men nou menm nap wè Mwen.” Oh legliz! Alò si Li di: “Nap wè Mwen,” sa se prèv ke ou ka gade ankò. “Nap wè Mwen, paske Map avè nou, nan nou, jiska fen mond lan.” Kilè? Kijan ou wè L? Nan Pawòl la. Li se Pawòl la. Gade Pawòl la e wè sa pwomès la ye, Li se menm lan ayè, jodia, e pou toutan.

311 Sa Li te ye lè Li tap mache Galile, se menm bagay la Li ye Jeffersonville aswè a, menm bagay la Li ye nan Branham Tabènak la. Kisa wap chache wè, yon fondatè, on nonm denominasyonèl? Ou pap janm wè l nan Jezi. Èske wap chache wè yon gran prèt. Ou pap janm wè l nan Jezi. Non. Kijan w wè Jezi? Pa Pawòl Bondye a ki manifeste, paske Li te Pawòl Bondye a ki manifeste. Sa Li te ye lè a, se sa Li ye aswè a, e Lap konsa pou toutan.

312 Annou bese tèt nou jis on moman. Map fè sa kout.

313 Seyè Jezi, se priyè mwen, fè ke m detounen je m de sousi lavi a. Seyè, mwen-mwen konnen ke nou se yon pèp òdinè, san edikasyon. Nou pa gen anpil byen de mond sa a, men nou renmen W, Seyè.

314 E map ale pou pèp sa a. Yo pa tap chita nan on kote konsa, sere e antase, nan foul la; epi chita, ap mouri chalè; oubyen manje fre di, epi rete kanpe nan...epi mennen pitit yo, epi sa yo ki malad e aflije, kap deplase pou vini; si yo vin isit pou wè lòt bagay ke Oumenm. Moun sa yo, Seyè, pa tap janm vini pou wè on moun. Gen ase moun nan lari a; yo tout sanble.

315 Men yo vini pou wè Nonm sa a, Nonm Bondye sa a, Jezi de Nazareth an chè, ki Bondye. Kounye a, Papa, Ou di nou ke: "Anvan lontan ankò, lemonn pap wè M," pe enpòt konbyen yo gade, yo pap janm wè L. Men Ou di: "Nou menm n'a wè Mwen," vre kwayan an, "paske Map avè nou, nan nou, jiska fen mond lan." Ou pwomèt nou, si nou gade, nap wè. E map priye, aswè a, ke Ou pral akonpli Ekriti sa a ba nou aswè a, pou nou sa gade e wè Jezi kap fè tèt Li konnen ba nou, menm jan Li toujou fè l, ap akonpli Pawòl Li, dorenavan, Seyè.

316 E mwen fè yon deklarasyon, talè a, e mwen vrèman di bagay sa yo ak tout kè mwen, apwopo de *Pull* yo, e sa W te di mwen. E kounye a, osi misterye ke sa ka parèt, si nou te ka jis pichkannen konsyans enteryè nou, epi wè ke bagay sa yo pat ka predi parfètman jan yo ye, a mwens ke l vini de Bondye.

317 Kijan nou te ka wè Premye bagay sa fèt? Kijan Dezyèm lan te ka fèt? Kijan Twazyèm lan te ka fèt? Kijan nou te ka kanpe isit la, dè mwa anvan ke sa fèt, e di sak ta pral rive Tucson? Alò ke Sèt So yo ta pral devwale, e pote tounen mistè a, epi revele bagay ke Bondye kache yo , ki kache depi kòmansman tan an. Epi pou wè li, a la fwa deklare, ateste e pwouve syantifikman!

318 Seyè, Ou se refij nou ak fòs nou. Ou se tout sa nou genyen. E mwen remèsye W, Seyè, m fè pati de gran ekonomi sa a ki pou Ou. Mwen remèsye W, m son manm Kò Ou, ak anpil lòt isit la ki manm Kò sa a, anpil lòt, toupatou nan lemonn, nan diferan legliz, ki manm de Kò mistik Kris sa a.

319 Chak fwa nou gade, nou wè L! Nou wè L lè zwazo ap chante. Nou wè L lè solèy la leve, oubyen lè l kouche. Nou tandè L nan kantik yo. Nou wè L nan pèp Li. Nou wè L ap konfime Pawòl Li.

320 O Seyè, Ou se Bondye nou. Nou pral envoke W bonè. Ou se Papa mizèrikòd nou. Padone fot nou yo.

321 Seyè, nou nan fen tan an. Mwen wè ke pòt yo pral fèmen byento, pòt opòtinite yo. E pandan ke I fè jou, e ke m toujou ka antre nan kèk kote sa yo, Seyè, ede m ale. Map pran laj; ban m fòs. Renouvle jenès mwen, Seyè. Ede m, pou m ka fè yon bagay lòt bò a, kounye a, alò ke map tann gran moman sa a ki dwe vini, e ki pral vini. Ede m, Seyè, alò ke map soti, pou m ka, on jan ou yon lòt, pran dènye Semans predestine sa a, ki pral fè Seyè Jezi a tounen. Ede m, O Bondye!

322 E si m ap poze yon fondasyon ke yon lòt moun va kanpe sou li, akòde, Seyè, ke byento sa va rive, pou Pawòl la ka akonpli.

323 Dezi kè nou se pou wè Pawòl Ou akonpli. Nou renmen W. Nou kwè W. Nan mitan yon pèp enkwayan, kap doute, yon jenerasyon de—de—de sa nou genyen jodi a, Seyè Bondye, nou toujou kwè ke Pawòl Ou pap janm fayi. Nou kwè, ke: “Syèl ak latè ap pase, men Li pap janm fayi.” Nou kanpe ak kouraj pou Sa.

324 Kounye a, Papa, nan ti gwoup sa a kap tann. Gen anpil malad isi a. E te ka gen youn ki pa sove anndan isi a. Moun ki te sove, e poutan pat ranpli ak Sentespri an. Seyè Bondye, ke W vini sou sèn la, pa Pawòl pwomès Ou, ke moun yo ap gade epi wè Jezi, epi koube byen ba epi ba Ou kè yo. Ke malad la gade epi wè ke li enposib pou anyen lòt ka fè I, sèlman Bondye, paske se Pawòl pwomès Li.

325 Sa nou te di jodi a, toude Mesaj yo, ke sa konfime kounye a. Tout nan men W, Seyè. E mwen nan men w. E asanble an—an nan men W. Travay nan nou, Seyè, pou onore gran Non Ou. O Sila ki Etènèl la, akòde sa pou glwa Bondye. Amèn.

326 M konnen I fè cho, e m vle eseye priye pou malad yo kouye a. E si n ap jis ban m apeprè kenz, ven minit, m pa konn konbyen kat yo gen ki distribye, men nou pral jis kòmanse pa priye pou malad yo.

327 Kounye a, Billy te di m ke I te distribye, kisa I te ye? [Yon moun di: “En rive san.”—Editè a.] Yon san-...Kisa, kisa? [Yon moun reponn.] Trè byen. Ebyen, n ap kòmanse. Li te di li distribye de en rive san. Konbyen moun ki gen kat pou lapriye isi a? Leve men nou anlè; kat pou lapriye. Ebyen, gen on bon kantite. Nap eseye fè tout sa nou kapab, si nou kapab. Kounye a, nou pa ka gen disènan sou yo tout, nou konnen, kidonk n ap jis priye. Epi, tout moun, konbyen moun isi a pa gen yon kat pou lapriye, e poutan nou malad? Leve men nou anlè. Anpil.

328 Kounye a, gade. Kisa I ye? Kounye a, m konnen, nou ka on—on ti kal anreta sou pwogram lan, apeprè kenz minit, men m vle di grenn bagay sa a. Sa te ka diferans lan ant, isi

a, pase Letènite nan Syèl oswa nan Lanfè. Ou wè? Gade, se pou n gen respè epi gade, yon minit, koute Pawòl la, epi wè si Li toujou Kris la.

329 Kounye a, li pwobab ke chak moun isi a konnen m. E anpil nan nou m pa konnen, paske m pa ret isi a ase lontan pou konnen nou. E anpil nan nou soti andeyò de vil la. Konbyen moun ki moun andeyò vil la, leve men nou anlè. Ou wè?

330 Kounye a, m te mande yon moun anba lavil, lòt jou an, m te di: “Èske w te janm monte?”

331 Li di: “Pa gen nesesite pou nou vini.” Li di: “Tèlman gen anpil ki soti andeyò vil lan, ki rive la a, nou pa ka antre.” Ou wè?

332 Men se—se kòrèk. N ap ranje on fason pou yo antre. Vini, kanmenm. Remake, yo te gen on chans anvan ou. Ya.

333 Kounye a sonje, kounye a, m jis frè nou. M sèten nou konprann sa. M se yon nonm; Li se Bondye. Men Bondye sèlman ka travay, epi te toujou travay, e te sèlman travay, atravè yon nonm. Kounye a gade aswè a, pa mwen oswa pa nenpòt lòt moun, men gade Jezikri.

334 Kounye a gade aswè a nan Lekriti, sa Li te pwomèt. Konbyen nan nou...M ka jis bay tout kalite Ekriti, men konbyen moun ap jis kwè Ebre 13:8, ke: “Jezikri se menm lan ayè...? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Epi konbyen moun ki kwè Jan 14:12: “Zèv ke M fè yo nou va fè yo tou?” [“Amèn.”] Ou wè? Konbyen moun ki kwè ke Li te pwomèt ke bagay yo menm ke L te fè, nan fason nan “disène panse nan kè a,” tap retounen ankò nan dènye jou an jis anvan Vini Li? [“Amèn.”] En en. Sèten. Nou tout konn sa. Trè byen. O, konbyen an plis, dè santèn ak dè santèn Ekriti, men nou konnen sa!

335 Kounye a gade. Pa gade pou wè yon minis. Pa gade pou wè yon pastè. Gade pou wè Jezi. Pa gade òm lan; wè Jezi. Lè nou gade, wè Li. Si m te ka ede nou, m tap fè l, men m pa kapab. M pa ka ede nou; m jis frè nou. Men, Li se Seyè nou, gade Li epi kwè. Trè byen.

336 Kounye a ann kòmanse ak nimewo kat pou lapriyè...Ebyen, n ap kòmanse apati de en. Konbyen moun...Nimewo en, kimoun ki gen kat pou lapriyè nimewo en? Leve men w. Kote l ye? [Yon moun di: “Dwat dèyè bò la a.”—Editè a.] Ou vle pa w...[“Li kanpe.”] Se te sa? O, m dezole. Trè byen. Nimewo en, monte isi a, madam, dwat...Nan ki direksyon nou vle mennen yo, direksyon sa a? Trè byen, vin *isi a* menm, si—si nou ka mache. Si yo rele nenpòt moun kounye a, ki enfim, kèk nan nou ede fè l monte. Nimewo en.

337 Nimewo de, kimoun ki gen kat pou lapriyè nimewo de? Leve men w, osi vit ke w kapab. Nimewo de, kote l ye? M pa wè l. Ki kote? M dezole, mwen—mwen pa ka...Dwat bò isi a, madam.

- 338 Nimewo twa, èske w vle kanpe, oswa on bagay? Se byen, nimewo twa.
- 339 Nimewo kat. Kat pou lapriyè nimewo kat, èske w ta vle leve men w? Kote l ye? M pa wè l. Kat pou lapriyè nimewo kat. Kisa w di? Nimewo kat.
- 340 Nimewo senk. Kimoun ki gen nimewo senk, èske nou ta vle leve men nou? M pa wè l. Nimewo senk.
- 341 Nimewo sis. Nimewo sis. Rapid, byen rapid. Trè byen.
- Sèt. Oumenm, sèt? Trè byen. Sa kòrèk.
- 342 Uit. Uit, vrèman vit kounye a. Leve, byen vit. Trè byen, uit. Se byen, mesye.
- Nèf. Nèf, kote l ye? Nimewo nèf. Trè byen.
- Nimewo dis. Dis, trè byen, dis, bò isi a menm. Dis.
- Onz, douz, trèz, katòz, kenz.
- 343 E m pap rele twòp, kidonk nou rive...Ou wè, rezon nou fè sa...Se jis yon kat ak yon nimewo sou li, ou wè, epi nou jis vini pa nimewo sa a. Sa kenbe yo aliyen.
- Kenz. Kat lapriyè kenz. Trè byen.
- 344 Sèz, disèt, dizuit, diznèf, ven, vente en, vennde, venn twa, venn kat, venn senk.
- 345 Kite yo vini, aliyen kounye a, venn senk, jouk nou rive bati liy nou. Jis kanpe kounye a selon nimewo nou yo. Se kòrèk. Pa vini nou tout an menm tan. Pase pa lòt kote an, si nou vle, si nou nan kote sa a, epi vini. Kounye a venn-...
- 346 Kisa nou te rele, venn senk? [Yon moun di: "Venn senk."—Editè a.] Trè byen, ann rete sou venn senk, jis pou on minit. Trè byen.
- 347 Kounye a m di, si nou pa vle kanpe twò lontan, lè nou wè sa ap desann, apres a nou antre dwat avè yo; venn senk, venn sis, venn sèt. Jis, ebyen, tann, kite liy lan desann on tikal, nou pap gen pou kanpe twòp, twò lontan.
- Kounye a ann koube tèt nou.
- 348 O, zanmi, kounye a kisa? Kounye a ki kote nou ye? Kounye a nou nan fen an—an. Nou nan tan kote yon bagay dwe fèt, te di "wi" oswa "non." Yo dwe jwenn Bondye ki gen rezon oswa ki antò.

349 Kounye a, jodi a m preche de prèch, trè di, ap eseye di nou kisa L ye, di nou tan an ap pran fen; kisa L ye, kisa L te ye. Epi kounye a lè nou gade, aswè a, ann gade L.

350 Kounye a, chak moun, nan Non Seyè Jezikri an, rete nan plas nou kounye a. Pa ajite nan viwonn lan. Chita trankil jiskaske yo rele nou. Kite timoun piti yo...

351 Kounye a, si m rive di: "Koube tèt nou," fè l byen vit, cheri, paske move bagay kite, tankou kansè ak maladi, epi li soti al nan mitan moun yo, epi antre nan lòt yo. Tout sa ki kwè sa, epi konnen se Lekriti, di: "Amèn." [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Nou jwenn, nan Bib lan, ke move lespri te soti nan youn al nan lòt, lè yo te chase yo. Epi yo eseye jwenn yon plas.

352 E konbyen fwa nou te wè l nan reyinyon an! Moun vin nan reyinyon an, pafètman an sante epi byen, chita la a epi kritike; epi, youn ou de jou apre sa, pou jwenn yo totalman avèg, oswa ki frape ak yon kansè, paralize. Ou wè, paske yo te enkwayan. M pa responsab pou yo; sèlman pou kwayan yo. Anpil nan yo te antre nan enstitisyon an, sa fè plizyè lane de sa, epi toujou la a, kèk te al nan tonm yo, jis paske yo te arogan, pa kwè.

353 Pa gen okenn plas pou yon enkwayan kounye a. Se yon plas pou kwayan. Gen lafwa nan Bondye!

354 Papa ki nan Syèl la, kounye a reyinyon an pou Ou; li te pou Ou, tout tan an. Kounye a, m ka pale sou Pawòl Ou; men kounye a, apati de kounye a, m pa ka pale. Ou se Sila Ki pale kounye a, Seyè. Kite sa konnen ke sèvitè W te di yo Laverite. Ke moun isi a, petèt anpil isi a malad, epi pap menm nan liy priyè an, men Ou toujou isi a, Seyè. Ou ka geri deyò la a, jis menm jan Ou ka geri nenpòt kote. Kite Pawòl Ou manifeste, nan Non Jezi, m priye. Amèn.

355 Kounye a si m ka gen tout atansyon nou pou jis on moman. M vle gade nan liy priyè sa a. M pa vrèman kwè m konn yon sèl moun. Èske nou, nan liy priyè sa a, tout se etranje pou mwen, nou konnen ke m pa konnen nou? Leve men nou anlè si se sa nou ye. Se sa yo ye. Konbyen moun la a konnen ke m pa konn anyen sou nou? Leve men nou anlè, deyò la a, ou wè. Sèten, katrevendis pousan nan moun yo isi a, m pa konnen. Se vre.

356 Kounye a men yon ti madanm, m pat janm wè l nan vi m. Li se yon etranje total pou mwen. Kounye a, li ka isi a pou maladi. Li ka isi a...Petèt li te fè on bagay. Petèt li isi a pou finans. Petèt se pwoblèm nan fwaye. Petèt li isi a pou yon lòt moun. M pa konnen. M pa gen okenn lide.

357 Men men egzakteman yon imaj ki nan Sen Jan, chapit 4 la, yon nonm ak yon fanm rankontre pou premye fwa. Epi nanpwen dout, ke, jenn madanm lan ki te rankontre Jezi, Li te pi gran lontan pase l, paske: "Li," yo te di: "Li te sanble l te gen senkant an, oswa plis ke

senkant,” e li pwobableman jis yon jenn fanm ki te deyò la a nan pi an, te jis yon jenn fi. E isi a ankò, aswè a, de moun rankontre, jenn ak granmoun, san yo pa konn youn lòt.

358 E kounye a li kanpe la a. Gen yon rezon Li la a. M pa konn. Li te ka kanpe la a, kòm yon enpostè. Li te ka kanpe la a, ap di on bagay, lè se pa sa, jis pou wè kisa k pral rive. Si se sa, gade sa k rive. Ou wè? Ou wè?

359 Kounye a, m pa konn dam lan; m pat janm wè l. Li te jis leve men l, sa fè on moman, ke m te yon etranje pou li. E m leve men m, li se yon etranje pou mwen. M pat janm wè l. Ebyen, kounye a si m...

360 Antan ke yon nonm, m ta dwe di: “Madam, ki pwoblèm ou? Kisa w ap fè isi a? Kisa w vle?”

361 Epi l tap di: “Mesye Branham, mwen—mwen isi a paske mwen—mwen soufri ak yon—yon kansè. M soufri ak tibèkiloz. M soufri ak yon timè.” Oswa: “M pa gen lajan. Mwen...Mari m kite m.” Oswa: “M pa marye, epi menaj mwen fè sa.” Li tap gen pou di mwen.

362 “Ebyen,” m tap di: “trè byen, m ap—m ap—m ap priye pou ou; epi poze men m sou ou, epi di: ‘Seyè Bondye, bay madanm sa a sa li vle. Amèn. Jezi, fè li!’” Kite l ale. Ebyen, m sipoze, si li te kwè sa, li tap vin byen. Se kòrèk. Se te yon ministè pandan plizyè, plizyè lane.

363 Men sa te pwomèt, nan dènye jou yo, ke menm jan Anj lan, Bondye, te abite nan yon kò imen ki te parèt jis anvan Sodòm te boule, epi l te chita ak do vire bay tant lan kote Sarah te ye a, epi te di Abraham a kisa li tap panse nan tant lan; Bondye, nan yon chè imen, ap mete rad imen.

364 E se sèl fason Bondye ka fè l jodi a, se lè l antre nan chè nou, ou wè, ap montre ke Bondye tap manifeste nan chè imen.

365 Jezi te di: “Jan sa te ye nan epòk Sodòm, se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan.” Nou gen yon mesaj, Billy Graham avè yo anba la a nan Sodòm, men Legliz eli an te resevwa yon Mesaj ak yon mesaj.

366 Kounye a, si ti dam sa a...si Sentespri an...Pa di l ap fè l, men si li tap vini epi di mwen pou kisa ou kanpe isi a, oswa—oswa kisa w vle, oswa yon bagay ou te fè, oswa yon bagay ou sou pwen pou w fè. Pouki, ou tap konnen sa tap dwe sot nan kèk sous sinatirèl, paske nou jis kanpe isi a, ou wè. Sa tap vre, pa vre? Lè sa a ou tap konnen sa ta dwe sot nan yon fòs sinatirèl. E si Bib lan te di ke Jezi te fè menm bagay sa a, epi te pwomèt pou fè l ankò nan dènye jou yo,

alò ou tap kwè se te Li. Konbyen moun ki tap kwè menm bagay la? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Alò nou tap wè Jezi. Nou tap wè Pawòl Li.

Kounye a nou di: “Èske Li se Pawòl la?”

367 Bib lan di Li se Pawòl la. E Bib lan te di ke Pawòl la disène panse ki nan kè an. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Alò l ap Pawòl lan ki pale nan bouch imen, ap disène panse yo.

368 Kounye a, m pa kapab. M pa gen okenn mwayen pou fè l, ou wè, paske m pa konnen l; men Li konnen l, e Li se Pawòl la.

369 E Li se Sila a ki ka pran de lespri nou, tankou fanm nan pi an, avè Li, epi melanje l; epi ale epi montre m jis pou kisa li isi a, kisa l te fè, oswa kisa l vle, oswa yon bagay. Lè sa a m ka pale l epi di l, epi apre sa depann de li.

370 Kounye a nou di: “Frè Branham, èske w ka geri l?” Non, non. M pa ka fè sa. Li te deja fè l. Pa maleng Li yo nou te geri.

371 Men sa se jis pou leve fwa li, pou kite l konnen, ke, si Li konnen kisa l te ye ak kisa li vle, Li konn—Li konn kijan pou bay li ak kisa l ap ye apres. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a, tout moun kwè sa? [“Amèn.”]

372 Kounye a se pou n vrèman gen respè. E noumenm moun yo deyò la a kounye a, ki san kat pou lapriyè, nou priye.

373 Kounye a, sonje, Jezi te pase nan yon gwoup yon jou, epi yon ti madanm te manyen rad Li. Epi Li te vire tounen, te di: “Kimoun ki te manyen M?” Epi l te gade nan tout asanble an jouk Li te jwenn li, epi te di l li te gen yon pwoblèm san. Epi san li te kanpe nan moman sa a. Ou wè?

374 Kounye a, Bib lan te di ke kounye a Li se “Gran Prèt la ke yo ka manyen pa santiman enfimite nou.” Èske se vre?

375 M ap gade Frè Way isi a, ki chita isi an bò kot madanm li. Jis dènyèman nonm sa a te kanpe isi a pandan m tap preche, jis tankou Pòl tap preche tout lannwit yon wit, epi nonm sa a te tonbe mouri dwat nan oditwa an. Epi Sentespri an te mennen l tounen dwat nan lavi ankò. Li se yon temwen, ou wè, ke: “Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

376 Konbyen moun ki pat janm wè Frè Way, epi ta renmen wè li; leve men nou anlè, pat janm wè li. Frè Way, èske w ta vle kanpe? Men nonm lan, te tonbe mouri apeprè kote l chita

kounye a menm. Men madanm li, yon enfimyè anrejistre, ki kanpe la a menm. Li pat gen batman, t ale; je l te vire dèyè, epi li te nwa nan figi l; atak kè.

377 Doktè te di l li te gen pwoblèm kè. Anvan sa, m te jwenn li nan disèneman, sa pa fè lontan, epi te di l ke li te gen pwoblèm kè. Epi, toudenkou, kè l te rete, epi li te tonbe. Epi men l te la a, lonje la a, byen mouri.

378 Sa se apeprè sis oswa uit fwa ke m te wè Seyè Jezi mennen mò a tounen. M te wè L fè l, epi Li ka fè l aswè a.

379 Kounye a m pran chak lespri, anndan isi a, anba kontwòl mwen, pou glwa Bondye, nan Non Jezikri. Se pou n gen respè. Gade.

380 M vle pale avè w, madam. M tap preche, ou wè. Epi jis pou kapte lespri w, se egzakteman sa m tap fè. Ou wè?

381 Gen yon bagay nan ou, yon lavi, oswa ou pa tap kanpe la a; ou tap jis yon fòm, lonje mouri, epi ou pa tap gen lavi nan ou. Men, kòm gen yon lavi nan chè sa a, li kontwole w. Ou wè? E kounye a menm panse ou ak sa w panse, pawòl ou di yo, ak tout bagay, se pa sa ke w viv. Ou wè? Se sa w ye, se pawòl ou yo, panse w yo, ak kèlkeswa sa w ye a.

Kounye a, nou se, nou isi a, ap kwè. Kounye a Sentespri an...

Tankou Jezi te di madanm lan: "Pote dlo pou M bwè."

382 Epi, lè l te pote, li te di: "Pouki, Ou, Ou pa ta dwe mande m sa. M se yon—m se yon Samaritèn. Ou se...Ou se yon Jwif. Nou pa gen okenn koutim youn ak lòt, okenn-okenn jan, nou pa pale youn ak lòt.

383 Kounye a, men, byensi, nou toude se Moun lòt Nasyon. E nou kanpe isi an jis ap kwè nan Bondye. Kounye a, si Lespri Li vini bò kote m pou yon don, epi ka di w kisa; ke w konnen si se vre oswa non, paske ou te viv pati sa a nan vi an. Alò, alò ou gen yon don, pou kwè li. E si w ap kwè l, epi L ap di w sou sa, alò tout fini. E l ap mache sou tout moun isi a. Kounye a, tout moun vrèman gen respè.

384 E dam lan soufri ak yon move bagay nan gòj li. Se yon kondisyon gòj. Si se vre, leve men w anlè. Kounye a, m pat janm wè l nan vi m. Se vre. Se pou sa a li isi an, pou m priye pou gòj li.

385 Kounye a, la menm, osito m te di sa, oswa jis anvan, li te...Li te konnen ke te gen Yon Bagay toupre li. Yon Bagay vini toupre l, la menm. Nou te ka wè emosyon an sou li, yon sansasyon vrèman dous, konsa, te frape.

386 Limyè sa a ke nou wè nan foto an. Kote w ye, George? Limyè sa a ki te nan foto an, ap pandye dwat sou madanm lan, kounye a menm. Ou wè, se yon lòt dimansyon. Li se yon kwayan, pa yon swadizan kwayan. Li se yon kwayan.

387 Kounye a, kòm ou se yon kwayan, ou kwè mwen se sèvitè ak pwofèt Li? Dwe sa, pou konn sa. [Sè an di: "Wi, mesye."—Editè a.] Èske w kwè Li te ka di w lòt bagay ki sou kè w? ["Wi, mesye."] Trè byen.

388 Men yon bagay ki sou kè w. Se yon moun w ap priye pou li; pitit. Ou kwè Li ka di m kisa k pa bon avè l? Li gen yon viris. Èske se vre? [Sè an di: "Se vre. Wi."—Editè a.] Èske ou kwè Bondye ka di m kimoun ou ye? ["Wi, mesye."] Ou se Madan Walker. ["Egzak."] Ou pa moun isi a. ["Non."] Ou soti nan Sid. ["Egzak."] Georgia. ["Egzak."] Ou pral lakay, anbyen. Jezikri te geri w ak pitit ou a. Pa enkyete sou sa. Li fini. Bondye beni w, sè.

389 Kijan w ye? Kounye a men yon lòt madanm. M pa konnen l, pat janm wè l. Li jis yon madanm ki kanpe isi a. Kounye a gade, map preche, an tou, depi apeprè uitè, e li dizè kounye a. Sa se dezèdtan m isi a. Grenn disèneman sa a te afebli m plis pase dezèdtan preche sa a. Ou wè? Se... Ou wè?

Ou di: "Se sa w vle di?" O, wi.

390 Madanm sa a ki te manyen woulèt rad Li a. Li te di: "M santi vèti sot nan Mwen," fòs. Èske se vre? Se sa l fè.

Kounye a, men yon madanm ke m pat janm wè.

391 Billy t ale lòtbò la a, si nou te remake yon bagay, epi te ranmase ti gason sa a ke nou genyen isi a avè nou, George. Li se yon gason Batis. M vle li wè ke sa nou tap pale de li a se Bondye. Papa li se, fanmi, se moun janti. Yo nan Meksik, misyonè, mesye debyen. E papa l malad, tou. M jis ap tann pou l vini. Kounye a jis gade byen, George.

392 Kounye a, dam sa a, m—m—m pa konnen l. M—m pat janm wè l. M sipoze nou se etranje youn pou lòt. [Sè an di: "Se vre."—Editè a.] Nou pa konn youn lòt.

393 Men kounye a, Sentespri an, dousè Jezi a etan prezan, nou tout ap temwen sa a. Kounye a si Seyè Jezi an ap revele m on bagay sou ou...

394 Kounye a, si m te ka geri w, m tap fè l, men m pa ka fè sa L te fè deja. Sèl bagay la, si Li te kanpe isi a aswè a ak kostim sa a sou Li, ke L te ban mwen, ebyen, kounye a, Li—Li pa ta ka geri w, paske Li te fè l deja. “Pa maleng Li yo nou te geri.” Ou wè? Men sèl bagay Li tap fè, pou deklare Tèt Li pa Pawòl ke L te pwomèt la, epi fè w wè ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E Li te pwomèt pou fè sa.

395 Kounye a si L ap sèvi avè m pou di w pou kisa w isi a, èske w ap sèvi ak lafwa ke w genyen, nan Li, pou kwè ke ou resevwa sa w gen...ou isi a pou li? Ak tout kè w? [Sè an di: “Wi, m ap fè l.”—Editè a.] Trè byen, ke Seyè an akòde l.

396 M wè dam lan gen on bagay ki pa bon. Yon egzamen montre se yon—yon pans ki chire. [Sè an di: “Se vre.”—Editè a.] Se vre. [“Se vre.”] Se vre, wi, mesye, yon pans ki chire. [“Se sa.”] Èske w kwè ke Bondye ka geri chire sa a? [“Wi, mesye. M kwè tout sa m ka kwè.”] Ou, tout ou—ou...[“Ak tout sa m ka kwè.”] Bondye beni w. [“Bondye ka geri pans mwen.”]

397 Kounye a, ou pa moun isi a. [Sè an di: “Non, mesye.”—Editè a.] Se te tout on sakrifis pou rive isi a. [“Wi, se te sa.”] Se te sa. [“Louwe Seyè a!”] Ya. Ya. Ou sot Tennessee. [“Wi, mesye.”] Se vre. Madan Hart. [“Se egzak.”] Retounen; pa doute. W ap geri, si w ka kwè.

398 Kijan w ye, madam? Nou se etranje youn pou lòt. [Sè an di: “Se vre.”—Editè a.] M pat janm wè w nan vi m, otan ke m ta konnen. M te kapab, on kote nan yon reyinyon, epi w ka te wè m, men m pa konnen w. Bondye konnen w. Èske w kwè nan mwen ke m se sèvitè Li, epi Pawòl ke m te preche an se Laverite? Ebyen, kòm me se yon etranje pou ou; epi Pawòl la, ke m te preche, ou te kwè nan Li.

399 Sèl bagay la, se, kèk nan yo ba ou yon kat; nenpòt nan pòtye yo, oswa pitit gason m, oswa yon moun te ba w yon kat. Yo te rele nimewo w lan, e men ou. Se tout sa m konnen.

400 Men ou isi a, ap soufri yon kondisyon nè. Sa deranje w anpil. Ou gen yon moun avè w. Ou gen yon moun w ap priye pou li. Se yon...Se mari w. E li gen yon pwoblèm espiritiyèl ke li jis pa ka regle. E ou gen yon pitit ki malad, tou. Ou pa moun isi a, men ou sot nan Nò. Ou sot Canada, sot Alberta. Se vre. Ou kwè mwen kòm etan pwofèt Bondye, epi kwè ke sa m di ou la se Verite a, al lakay epi w ap resevwa sa w te genyen an. Wi. Kwè. Bondye beni w, madam.

401 M se yon etranje pou ou. Ou se yon etranje pou mwen. M pa konnen w. Men Bondye konnen w. Ou kwè mwen se sèvitè Li? [Sè an di: “Wi, m kwè.”—Editè a.] Ak tout kè w? M pa konnen w, anyen sou ou. Si m te ka geri w, m tap fè sa, men m—m pa kapab. [“Amèn.”] M pa yon gerisè. M jis yon nonm. Men Li se Bondye. M jis gen on tikal konfizyon, paske gen yon madanm granmoun ki kanpe nan mitan mwen avè w. Se yon moun w ap priye pou li. [“Wi.”]

Ya. Se manman w. ["Wi, se sa. Wi."] E li souffri ak yon—yon tansyon wo. ["Wi, li souffri."] E ou gen yon—yon enfeksyon nan ren. ["Wi, mesye."] Sa se vre. ["Se vre."] Èske w kwè sa? ["Wi, m kwè."]

402 Manman w pa isi a. [Sè an di: "Non."—Editè a.] Men lè w pral jwenn li, pran foula sa a ki nan kou w, epi mete l sou manman w, epi pa doute, epi presyon wo an ap kite l, epi enfeksyon w lan a prale. Ale, kwè kounye a.

403 Nou kwè kounye a? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ak tout kè nou? ["Amèn."] Kounye a, nou wè, m gade atravè oditwa an, e se kòm-se kòm si oditwa a vin, tankou, on jan flou, deyò la a.

404 "Bagay sa yo ke M fè ou va fè yo tou." Li te fè plis isi a menm, aswè an, pase Li...de jan sa a, pase Li te fè nan tout sejou an nan lavi. Se vre.

Kounye a, sèl dam sa a isi a, jenn madanm. M pa konnen l, li se yon etranje pou mwen. Men èske w kwè mwen se sèvitè Li? [Sè an di: "Wi."—Editè a.] Kounye a jis on moman.

405 Yon nonm vin devan m, yon moun nan oditwa an. Kounye a jis on moman. Yon moun nan oditwa an. Sa te kite isi a jis lè sa a; Limyè sa a te kite isi a. E te gen yon nonm ki te kanpe bò kote L, epi yon kote nan oditwa an. Jis pa enkyete; jis se pou w gen on bon kouraj.

406 Ann retounen ankò epi gade ak madanm lan. Kounye a si Seyè Bondye a...Sa se sis oswa sèt, oswa yon lòt bagay, ki te pase nan liy lan, anba disèneman. E si Seyè Jezi ap revele m, bay madanm sa a, kèlkeswa sa ki pa bon avè l, èske sa tap fè rès nan nou kwè ak tout kè nou? Èske nou te ka asepte Kris sou baz sa yo? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Ou wè? Yon fwa ta dwe pwouve li. Twa fwa se yon konfimasyon. E sa se dè dizèn de milye fwa, san l pa antò yon fwa.

407 Ou pa isi a pou tèt pa w. Ou isi a pou yon nonm. E m wè l chita ak tèt li bese. L ap fimen yon sigarèt, epi w ap priye ke sigarèt yo ap kite l. Se...Ke Seyè Bondye a ba w rekèt ou, sè. Ale, kwè ak tout kè w, epi ke demon abitud sa a kite mari w, nan Non Seyè Jezi a.

408 Pwoblèm ou nan do w. Èske w kwè Bondye ap fè l byen? Ou kwè? [Sè an di: "Wi, m kwè."—Editè a.] Trè byen. Ale, di: "Mèsi, Seyè."

409 M konn madanm sa a, m kwè se pitit fi Madan Neece. Èske se pa vre? [Sè an di: "Wi."—Editè a.] M te panse se te sa. Bondye beni w. Ansyen pwoblèm do an ap kite w kounye a epi ou ka ale epi vin byen.

410 Èske ou kwè Bondye ka geri atrit sa a epi fè w byen? Ale di L ou kwè Li. Jis kwè ak tout kè w.

411 Kijan w ye, mesye? Èske w kwè Bondye ka geri pwoblèm lestomak sa a epi fè w byen? [Frè an di: "Amèn."—Editè a.] Trè byen, alò ale, di: "Mèsi Seyè a, m—m pral byen kounye a." Epi—epi w ap—w ap byen.

412 Yon lòt ka atrit, ak laj, tou. Ou kwè ke Bondye ap fè w byen si m poze men sou ou? [Sè an di: "Li te fè sa anpil fwa, avè w, pa poze men w sou mwen, frè."—Editè a.] Èske nou tande sa? [Asanble di: "Amèn."] Seyè an beni sè mwen, epi ba li deivrans li ankò aswè a. Amèn. Jis kwè Li.

413 Pwoblèm kè, pwoblèm lestomak. [Sè an di: "Wi."—Editè a.] Èske w kwè Bondye ka geri l? Trè byen. Ale, nan Non Seyè Jesi, ke Li fè w byen.

414 Kijan w ye, jenn kanmarad? Kondisyon opresyon. Èske w kwè ke Bondye ka geri opresyon? [Frè an di: "Wi."—Editè a.] Ale, kwè li; L ap fè l. Trè byen.

415 Kondisyon dyabèt. Èske w kwè ke Bondye ka geri san w epi fè w byen? Ale, kwè Li, epi La p fè l. Ou kwè li ak tout kè w?

416 E si m pat di w anyen; jis te poze men m sou ou; èske w kwè Sentespri a isi a pou fè w byen? [Pasyan an di: "Wi."—Editè a.] Se fason an pou fè l. Vin isi a. Nan Non Jezikri, ke l ale epi geri. Amèn.

417 Vini, madam. Si m pat di w anyen, èske w kwè Bondye tap geri w ak pwob-...fanm sa a...Non, eskize m, Li te deja di l. Ale. Bondye beni w. Ale, ale, kwè, lè sa a, vin byen.

418 Ou kwè, mesye, ak tout kè w? Bondye geri pwoblèm kè pa vre Li fè l? [Frè an di: "Wi, mesye."—Editè a.] Fè nonm byen. M sèten Li fè l.

419 Li, Li se Bondye. Èske nou kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Èske nou kwè l ak tout kè nou? ["Amèn."] Gen lafwa nan Bondye!

420 Yon mesye isi a te fè yon bagay, sa fè jis kèk minit de sa. M vle jwenn sa. Se te san. Yon moun tankou yon aksidan, oswa yon bagay ki te rive. Sa te—sa te senyen. Se te yon kote. Nonm lan te kanpe isi a. Kounye a jis priye. Wi, se sa. Se nonm ki chi-...Pouki, se J. T. Parnell. M konn gason an. W ap senyen andedan, J. T. Èske w kwè Bondye ap fè w byen? Trè byen, l ap kanpe alò, J. T. Kwè ak tout kè w.

421 Ti dam ki chita isi a menm, ap gade dwat an fas, chita la a bò kot Frè Grimsley. Gen yon Limyè bò kote l. Oumenm, ti kòl blan. Mary, m pa konnen w, men se non w. Ou deranje ak yon pwoblèm espiryèl, epi tou ou vrèman gen nè. Bliye sa; tou pral kòrèk. Kwè ak tout kè w. Gen lafwa nan Bondye. Si ou ka sèlman kwè.

422 Ti dam sa a ki chita dwat dèyè la a nan ranje dèyè an, laba sou bò laba a, li sot Michigan, ap soufri ak yon pwoblèm fanm. Èske w kwè Bondye ap fè w byen? Ou ka gen sa w mande a, alò. Ou kwè sa? Amèn. Leve men w anlè, di: "M asepte l." Trè byen, ou ka al lakay epi vin byen. M pa konn dam lan, men Bondye konnen l.

423 E oumenm isi a sou branka sa a? Ou se sèl nonm ki enfim, oswa nonm sou on branka. M se yon etranje pou ou. M pa konnen w. Bondye konnen w. Men, m di kounye a, ou nan lonbraj lanmò. Ou gen kansè. Ou soti byen lwen. Ou sot Cincinnati, isi a. Non w se Mesye Hawk. Kwè ak tout kè w. Si w chita la a, ou mouri. Asepte Jezikri epi geri. Ou kwè Li? Alò kanpe sou pye w, sot nan sivyè sa a, epi asepte Jezikri.

424 Konbyen moun anndan isi a kwè Li, nan minit sa a? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Èske nou kwè ak tout kè nou? ["Amèn."] Alò ann, chak nan nou, kanpe dwat kounye a. Kanpe. Kounye a nan pwòp fason nou, fason nou priye a, nou poze men nou sou on moun a kote nou.

425 Kote Sè Brown? Li te chita isi a, ap soufri ak sa. Lòt jou an li te rele m sou telefòn lan, epi l pat ka leve men l anlè. M te wè se te on bagay ki pat bon nan san l. Lè m te rankontre l lòt jou an...Li gen dyabèt. Kote l ye? Li te isi a ak Madan Dauch, sa fè on moman. Trè byen, Sè Brown. Aswè a, m vle w kwè ak tout kè w. M konnen w konnen kisa k pa bon avè w, men m vle w kwè. Ou te soti lopital la, pou vin isi a, ou wè, pou yo priye pou ou. M ap priye pou ou kounye a. Kwè. Ou pral vin byen.

426 Margie, gen lafwa nan Bondye. Sa pral kanpe touswit. Sa pral fini. Li ka geri dyabèt, Li ka geri w de maladi sa a nan lestomak ou.

427 Kounye a chak moun poze men nou sou youn lòt, epi jis kenbe men nou la a jis pou on minit. Jis poze men nou sou youn lòt, kenbe...Ou wè, li pral onzè, epi anpil nan moun sa yo dwe kondwi pou al Tennessee ak diferan plas.

428 Sètènman, Seyè Bondye a te pwouve. Kisa nou te wè, aswè a? Èske nou te wè yon nonm oswa èske nou te wè Jezi, Jezi kap konfime Pawòl Li?

429 Mouchwa sa yo ki poze isi a, pandan onksyon sa a sou mwen, m gen men m ki poze sou mouchwa sa yo, ap priye ke Bondye Toupwisan... Yo te di: "Yo te pran mouchwa sot nan kò Pòl, oswa tablye."

430 Men sila yo ki te mouri, epi yo te leve yo. Men sila yo isi a ki te nan aksidan, kraze, geri. Men...

431 M wè Madan Wilson kanpe isi a, ke, sa pa fè lontan, li te gen emoraji amò, ak Tibèkiloz, dè zane de sa. Men li isi a aswè a, doktè yo pat ba li sof jis dè zè pou l viv. Men l kanpe isi a aswè a.

432 Nan tout viwonn lan, atravè isi a, sa ki bwete, avèg, enfim, nan chèz woulant ak tout bagay, kanpe la a aswè an kòm twofe vivan. Poukisa l ye? Jezikri viv, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

433 Nonm sa a ki te fèk temwaye, sa fè on moman, de li, anba la a, ki te gen epilepsi, ki te genyen l tout lane sa yo, ak tout bagay, epi jis yon fwa nan reyinyon an. E se te nan viwonn, prèske ventan de sa; li pat janm gen yon kriz depi lè a. Se youn sou di mil yo.

434 Li se yon gerisè. Amèn. Li geri. Kounye a, pa eksite. Jis, ak lafwa tankou timoun, gade olwen sou Kalvè. Fenmn je nou epi bliye nou nan Tabènak sa a. Fenmen je nou epi bliye gen yon moun nan viwonn nou, epi gade Jezi epi wè. Gade Jezi kounye a epi viv.

Sa anrejistre nan Pawòl la, alelouya!

Se sèlman ke nou "gade epi viv."

O, "gade epi viv," frè m, viv,

Gade Jezi kounye a epi viv;

Sa anrejistre nan Pawòl la, alelouya!

Se sèlman ke nou "gade epi viv."

435 Fenmen je nou sou lòm. Fenmen je nou sou bagay ki nan viwonn nou. Epi gade nan lafwa nou, sou Jezikri, epi konnen, ke: "Li te blese pou peche nou yo; pa mak Li nou te geri."

436 Seyè Jezi, antan moun sa yo ap priye, epi, yo gen men yo youn sou lòt. E nou se...realize ke nou kanpe nan Prezans Jezirki vivan, resisite a, nan fòm Sentespri an, ap revele

nou sekrè kè nou, ap fè nou konnen dezi nou, epi ap pwomèt nou ke Li tap ban nou dezi nou yo si nou tap sèlman kwè.

437 Gason ak fanm gen men yo youn sou lòt. Y ap priye, paske nou se konsitwayen de Wayòm Bondye a. Nou se kanmarad frè ak sè Jezikri.

438 E, Satan, nou vin jwenn ou nan defi Non Seyè Jezikri an. Li se Nepe a. Li se Sila a ki koupe retire maladi an. Li se Sila a ki koupe retire dout la. Li se Konkeran an. Kounye a nou defye w, nan Non Jezikri an, ke w soti nan moun sa yo, Satan!

439 Pawòl Bondye an manifeste. Li sikonsi, retire dout, retire maladi, epi pote delivrans pafè. Nou priye ke Sentespri a va tonbe sou moun sa yo, epi ba yo pwisans lafwa an pou kwè ke Prezans Kris omnipotan an isi a kounye a. Akòde l, Seyè.

440 M kondane chak maladi. M kondane tout maladi. M kondane tout enkredilite. Nan Non Jezikri, ke Sentespri an onore sa m te di a, epi anvayi bildin sa a epi delivre chak moun nan Prezans Diven.

441 Leve men nou anlè kounye a epi louwe Li. M pwononse nou byen epi geri, nan Non Jezikri!